ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№66 (24.202) ● 2021 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 8, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Петербург дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэ-2021-м

## КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Іэ тридзащ Республикэр Санкт-Петербург къалэм и Правительствэм зэрыдэлэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм

**КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ Санкт-Петербург и губернатор Беглов Александрэ Іэ традзащ щІыналъэхэр лъэныкъуэ куэдкІэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа, 2021 - 2026 гъэхэм ятещІыхьа зэгурыІуэныгъэм. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Санкт-Петербург къалэмрэ зэрызэдэлэжьэну «гъэзгу картэм» хеубыдэ сату-экономикэ, щІэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ, социальнэ унэтІыныгъэхэр.**

«САНКТ-ПЕТЕРБУРГ щытщ Урысей Федерацэм и экономикэ, щэнхабзэ центр нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщу икІи зэгурыІуэныгъэм щыубзыхуахэр ГъэзэщІэным дэ Іэмал къыдитынущ ди Іуэхущ-лІэхэр зэпыщІауэ зэдэлэжьэнымкІэ. Дэ дихьхьэырщ ди туризм Іэнатіэм зегъэужьыным, цІыхухэм зыщагъэпсэху, я узынщагъэр щрагъэфІакІуэ центрхэр къызэгъэпэщыным, мэкъумэшэхкІэхэм елэжьынымрэ хъумэнымрэ хуэщІа Іэнатіэхэр гъэлэжьэным питер и Іуэхущ-лІэхэмрэ хъэрычыщІэхэмрэ я мылъку къыхальхьэн папщІэ зыхуей щытыкІэхэр къаухъэдгъэпэщыну», - къыхиГъэщащ КІуэкІуэ Казбек зэпсэльэныгъэхэр щекІуэкІым.

Мы зэманым республикэм къыхилъхьауэ, Санкт-Петербург щІыналъэщІыб зэпыщІэныгъэхэмкІэ и комитетым щыгъуу йолэжь ищхъэрэ къалащхьэм щыщ сабийхэм гъэмахуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщегъэгъэпсэхуным ехьэлІа Іуэхухэм. Апхуэдэуи я мургащ мы гъэмахуэм, бадзэуэгъуэм и 17 - 27-хэм къриубыдэу, «Зыхъумэжыныгъэ гъуэгуанэ» зыфІаща хэкупсэ Іуэхум и 23-нэ экспедицэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкІуэкІыну. Ар ирагъэхьэлІащ Хэку зауэшхуэр къызэрыхъейрэ илъэс 80 щрикъум.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, щІыналъэхэр зэдэлэжьэным теухуа зэгурыІуэныгъэм Іэ традзауэ щытащ 2015 гъэм, 2020 гъэм абы и унэтІыныгъэ зыбжанэ къагъэщІэрэщІэжри елэжьынымкІэ щІадзащ. Илъэс кІуам къриубыдэу республикэм и Іуэхущ-лІэхэр пажэхэм къалэм хуаутІыпщащ консервхэкІыу, гъэшхэкІыу, лыхэкІрэ Іэфі ыкІэу, псыуэ, нартыху крахмалу, мыІэрысэу сом меларди 2,2-рэ и уасэ. Санкт-Петербург и Іуэхущ-лІэхэмрэ сату Іэнатіэмрэ хурагъашэ кабель-кІапсэ продукцэ зэмылІэужьыныгъэхэр. Санкт-Петербург Узышнагъэр хъумэнымкІэ и департаментым иращІылІа зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ абы и медицинэ центр нэхъ лъэщхэм технологие лъагэр зи лъабжьэ дэІэпыкъуныгъэ щагъэуэтащ республикэм щыщ цІыхуи 142-м. Накъыгъэм и кІэм яутІыпщащ Налшыкрэ Санкт-Петербургрэ зэпызыщІэну кхъухьлъатэр. Ари хэщІыкъэпэнущ щІыналъэхэр зэдэлэжьэным.

Республикэр ищхъэрэ къалащхьэм нэхъыбэу щыдэлэжьэнур агропромышленнэ комплексымрэ промышленностым и Іэнатіэхэмрэщ. Абыхэм ящыщщ электроэнергетикэ Іэнатіэм папщІэ вольт лъагэм ирилажьэ аппаратурэр, налмэс Іэмэпсымэхэр, кабель-кІапсэ продукцэр, бжьыгъэр зи лъабжьэ иджырей рентген медицинэ техникэр яхуэгъэзэнырэ, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и курорт-рекреацэ, туризм Іэнатіэхэм я Іэмалхэр къагъэсэбэныныр.

*КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ-лІэІэ.*

● КЪБР-м и Парламентым

## Дэфтэр зыбжанэ къащтэ

**КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм депутатхэр щытепсэлъыхьащ республикэм и закон зыбжанэм я проектхэм.**

АБЫХЭМ ящыщт «КЪБР-м и ззэзгъэкІуж хеящІэхэм ятеухуауэ» КЪБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі» законопректыр. КЪБР-м и Парламентым жылагъуэ шынагъэшknown-гъэмрэ Іулъхьэм пэщІэтыныжыкІэ и комитетым и унафэщі **Кривко Михаил** зэрыжиІамкІэ, дэфтэрыр ягъэхьэзыращ зэзыгъэкІуж хеящІэхэм я пщэрылъхэр зэрагъэзащІэ пІалъэр къыщагъэлъэгъуа Федеральнэ законыр мэлыжьыхьым и 5-м къыззращтам къыхэкІыу.

Депутатхэр хэплъащ «ЩІыщІагъ фІыгъэхэм ятеухуауэ» КЪБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі» КЪБР-м и законопроектым. КЪБР-м и Парламентым Мэкъумэш Іуэхухэмкіэ, щІыуэпсыр хъумэнымрэ ар къэгъэсэбэпынымкІэ и комитетым и унафэщі **ТекІушэ Артур** жиІащ законопроектыр федеральнэ законодательствэм игъуэта зэхъуэкІыныгъэхэм тету зэрызэхагъэувар. Абы щагъэбелджылыжащ щІыщІагъ фІыгъуэхэр къызэрагъэсэбэныпхъэ щІыкІэмрэ зы фІэщыгъэ яІэу ахэр щытын зэрыхуеймрэ.

КЪБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ уэзнышагъэр хъумэнымкІэ и комитетым и унафэщі **Къэжэр Хьусен** тепсэлъыхьащ «КЪБР-м щыпсэухэм социальнэ Іуэхутхъбзэхэр яхуэщІынымкІэ лэжьыгъэхэр ГъэтэмэмыІуэным и ЛІыхъужь цІэр (хэкІуэдауэ) зыфІаща **Кошевой Олег** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м щыхьэ зиІэ и журналист, Урысей артиадэм и лауреат, радиожурналист **Махуэлі Хьаджэт** къыщалъхуа махуэщ.

♦Эверест къуршым тІэунейрэ дэкІа адыгэ бзыльхъугъэ, КЪБР-м физкультурэмрэ спортымкІэ щыхьэзиІэ и лэжьакІуэ **Мэз Карин**э къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 11 - 13 щыхьунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі**

**Елизаветэ Вениамин и пхъур**.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі**

**ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2021 гъэм накъыгъэм и 27-м*
*№324-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьеГъэщІылІа ЩІалэгъуалэ палатэм хэтыр и пІалъэр къэмысу абы къыхэгъэкІыжыным теухуауэ

**Унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьеГъэщІылІа �щІалэгъуалэ палатэм и пІалъэр къэмысу къыхэгъэкІыжын **Хуторская**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьеГъэщІылІа ЩІалэгъуалэ палатэм теухуа Положенэм и 5.1 пунктым и 2-нэ пункт къуэдзэм ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьеГъэщІылІа ЩІалэгъуалэ палатэм и пІалъэр къэмысу къыхэгъэкІыжын **Хуторская**

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ**

**ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2021 гъэм накъыгъэм и 27-м*
*№324-П-П*

## Туризмэр, псынэпсыр, дыщэ къыщІэхыпІэхэр

**КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек «ТАСС» федеральнэ агентствэм и корреспондент Колосовэ Надеждэ щепсалъэм къыхигъэщхьэхукІащ ди щІыналъэм зегъэужьыным ехьэлІа Іуэху нэхъыщхьэхэр, апхуэдэу Санкт-Петербург щекІуэкІа экономикэ зэхьыхьэшхуэм и лэжьыгъэм кърикІуэхэр.**

РЕСПУБЛИКЭМ и унафэщІым зэрыжиІамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым адрей щІыналъэхэм зэрадэлажьэм зэпымыууэ зригъэубгъунущ икІи абы и лъэныкъуэкІэ псом япэу нэхъ зытригъэщІэнур ди курортхэмрэ туризмэм и Іуэхущ-лІэхэмрэ я зэфІэкІырщ. КІуэкІуэ Казбек къиГъэлъэгъуащ Налшык и курортхэм зегъэужьыныжыкІэ зэман гъунэгъум зэфІагъэкІынухэр. Абы теухуауэ иужьрей илъэсым зэхалъхьа планым зэрыщыубзыхуамкІэ, санаторэхэмрэ курортхэмрэ ящыщу иджыпсту лажьэхэр ирагъэфІакІуэнущ, Іуэхущ-лІэхэ зыбжанэ щІэуэ яухуэнущ, а псомэ я фІыщІэкІэ Налшык и курортхэм зэуэ зыщІэзыГъэпсэхухэм я бжыгъэр щІыкІу минипщІым нагъэсынущ. Мы Іуэхум теухуауэ республикэм и унафэщІхэр иджыпсту банк лэжьакІуэхэм йопсалъэ.

Санкт-Петербург щекІуэкІа экономикэ зэхьыхьэшхуэм хиубыдэу республикэм зэфІигъэкІа Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ «Росгеологие» зэгухьэныгъэм иращІылІа зэгурыІуэныгъэр. А документым ипкъ иткІэ республикэм и щІыналъэм къэхутэныгъэхэр щрагъэкІуэкІынущ, псы къабзэ къызыщІэпш хъуну щІыпІэхэмрэ хьугъуэфІыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм я къыщІэхьыпІэхэмрэ къэхутэным хуэгъэзауэ. Апхуэдэу «Росгеологие» зэгухьэныгъэм и Іэщ-лъэгъэпІхэм дыщэ зыщІэлъ щІыпІэхэмрэ апхуэдэ щІыпІэхэм я зэфІэкІхэмрэ къаухуэ. Абы ипкъ иткІэ, республикэм щыззэтрагъэувэ дыщэ къыщІэхьыным телэжьэну Іэнатіэ.

«Мы зэгурыІуэныгъэм и сэбэнкІэ дэ нэгъэсауэ щыгъуэзэ дыхьунущ ди щІыналъэм хиубыдэу сыт хуэдэ хъугъуэфІыгъуэхэр щыІэми. Апхуэдэу мыхьэнэзшхуэ иІэнущ псы къабзэ къызыщІэпш хъуну щІыпІэхэр убзыхунми, сыту жыпІэмэ ди жылагъэхэр ирафын псыкІэ иджыри нэсу къызэгъэпэщакъым», - къиГъэлъэгъуащ КІуэкІуэ Казбек.

Дунейпсо экономикэ зэхьыхьэшхуэм хиубыдэу КЪБР-м и Іэтащхьэр апхуэдэу хуэзащ «Газпром межрегионгаз» ООО-м и генеральнэ директор Густов Сергей. ЗэІущІэм щаубзыхуащ цІыхухэм пщІэншэу газыр яхущІэшэныжыкІэ законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэзэщІэныжыкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм. ДызэрыщыгъуазэщІи, а Іуэхур УФ-м и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызэхуигъэзам къыщыхигъэщхьэхуКІащ икІи зыхуэфащэ законыр иджыблагъэ Къэрал Думэм къиштащ.

«Газыр зрикІуэ бжьамийм щегъэжьауэ а Іуэсхыпхъэр дэтхэнэ щІыпІэми и Іуэнапкъэм нэс зыхурашэлІэнухэм республикэм щыщу унагъуэ минитхум щІигъу хагъахьащ икІи а лэжьыгъэм сом мелуан 600 хуэдиз трагъэкІуэдэнущ», - ЗыхигъэщхбзэхуКІащ КІуэкІуэ Казбек. Абы зэрыжиІамкІэ, лэжьыгъэхэр дыззрыт илъэсым и щэкІуэгъуэ мазэм ирагъэжьэнущ.

*КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ-лІэІэ.*

## Нартхэм я шыуан лъапІэр Хэкум къашэж

зрапх апхуэдэ шыуаным и гугъу нарт хъыбархэм къызэрыщыдгъэсэбэпыжыкІэ, абыкІэ пщэфІэху, нартхэр зыми хуэмыныкъуэу псэуащ. Ижьыкъ, нэхъыжьхэм я унафэкІэ ар зыІэщІалъхьа Уэззырмэдж шыуаным псы ирикІащ, арати, итыр къыззрыкъуалъэм хуэдэуэрэ, щІы щІагъым ехащ. Адыгэ Республикэм къыщыщІэж псы хущхъуэхэр а шыуаным къыщыкъуэлъа псым ирепх хъыбарым.

**ЧЭРИМ Марианнэ**.

## НОБЭ

**♦Хыхьэм я дунейпсо махуэщ**

**♦Урысейм и социальнэ Іэнатіэм и лэжьакІуэм и махуэщ**

**♦Карелие Республикэм и махуэщ**. 1920 гъэм къыззрагъэпэщащ иджырей республикэм лъабжьэ хуэхъуа Карелие лэжьакІуэбэ комунэр.

**♦УнэлъащІэ зыщІым и махуэщ**

**♦1786 гъэм** дунейм щыяпэу Нью-Йорк и тыкуэнхэм морожнэ къыщІалъхьащ.

**♦1815 гъэм** Польшэм и щІыналъэр, кьанэ щІагъэу щымыІэу, Урысей империем къыхагъэхьащ.

**♦1824 гъэм** Канадэм щыщ Кашинг Ноа зэрыжьыщІэ машинэ къызэригупсысам щыхьэт техьуэ дэфтэр ирагащ.

**♦1843 гъэм** Урысейм и пащтыхь Николай Езанэм и унафэкІэ Урысейм щыщІадзащ Петербургрэ Москварэ зэпызыщІэну гъущІ гъэгур ухуэн. Абы куэдрэ «Николаевскэ гъущІ гъуэгу» жаІэу еджащ, иджыпсту Октябрьскэ цІэр зэрехьэ.

**♦1869 гъэм** США-м щыщ Макгаффи Айвз сабэщІэп зэрызэпкърилъхьам щыхьэт техьуэ тхылъ ираташ.

**♦1934 гъэм** Женевэ Іэ щытрадзащ СССР-м, Румыниэм, Польшэм я къэрал гъунапкъэхэр зэрыубзыхуам теухуа зэгурыІуэныгъэм.

**♦1940 гъэм** хэІущІыІу ящІащ нептуний элементыщІэр къызэрахутар.

**♦1943 гъэм** нашыкдзэ интеллигенцэм фашистхэм я бийуэ пэкІу ирагъэкІуэкІащ.

**♦1946 гъэм** Журналистхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

**♦1946 гъэм** Инджылызым и къалащхьэ Лондон ТекІуэныгъэм и парад щекІуэкІащ, фашист Германиемрэ Япониемрэ ЕтІуанэ дунейпсо зауэм зэрыщыкъагъэщІар ягъэлъапІэу.

**♦1958 гъэм** СССР-м футболымкІэ и командэ къыхэхар япэу хэтащ дунейпсо чемпионатым.

**♦1966 гъэм** СССР-м къыщызэрагъэпэщащ Тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэр хъумэным хуэгъэпса зэгухьэныгъэр.

**♦1988 гъэм** къыщащащ «СССР-м кооперацэм зыщегъэужьыным и Іуэхукі» законыр. Абы хьэрычэтыщІэхэр я щхьэ хуэлэжьэжыну хуит ищІырт.

♦Урыс сурэтыщІ Іэзэ, критик **Крамской Иван** къызэралъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 11 - 13 щыхьунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі**

**Елизаветэ Вениамин и пхъур**.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі**

**ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2021 гъэм накъыгъэм и 27-м*
*№324-П-П*

**«Языныкъуэ лэжьакІуэхэм къэрал социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м къыдигъэкІа Указ №33-УГ-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукі»**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. «Языныкъуэ лэжьакІуэхэм къэрал социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м къыдигъэкІа Указ №33-УГ-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн, 1-нэ пунктым и япэ абзацым хэт «мэлыжьыхьым и 30» псалъэхэм я пІэкІэ «бадзэуэгъуэм и 31» жиІэу къэхьауэ.

2. Мы Указым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ икІи 2021 гъэм накъыгъэм и 1-м щыщІэдзауэ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэхэм ятохуэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2021 гъэм накъыгъэм и 28-м*
*№57-РГ*

**ЩІы Іыхьэ хэхар щатха гупым къыхагъэкІыу нэгъуэщІ гупым хэгъэхьэным и Іуэхукі»**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

№114-ПП

*2021 гъэм накъыгъэм и 31-м Налшык къалэ*

Аруан муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм 2020 гъэм щэкІуэгъуэм и 17-м №24-3528-м щІэту къигъэхьа лъэІум хэплъауэ, Урысей Федерацэм ЩІым теухуа и кодексым и 8-нэ статьям, «ЩІыхэр е щІы Іыхьэ хэхахэр щатха гупым къыхагъэкІыу нэгъуэщІ гупым зэрыхагъэхьэн и Іуэхукі» 2004 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №172-ФЗ-м и 7-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІым теухуа и кодексым и 6-нэ статьям япкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Мэкъумэш мыхьэнэ зиІэ щІыхэм къыхагъэкІыу промышленностым, энергетикэм, транспортым, связым, радиовещанэм, телевиденэм, информатикэм хухах щІыхэм, хьэрш лэжьыгъэм, зыхъумэжыныгъэм, шынагъуэншагъэм папщІэ къагъэсэбэп щІыхэм, нэгъуэщІ мурад убзыхуахэм хуэзрахьэ щІыхэм хэгъэхьэн метр зэбгъуэзнатІэ 100001-рэ хъу, 07:07:2400000:504 кадастр номер зиІэ щІы Іыхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Аруан щІыналъэм хыхьэ Аруан къуажэ жылагъуэм и Іунапкъэм химыбыдэр, пшахъуэхэкІрэ мывэ зэтеударэ къыщыщІагъэкІын Іуэхущ-лІэІэ ящІын папщІэ.

2. Мылъкур хэзыгъэм итхыныжыкІэ, кадастрымкІэ, картографиемкІэ федеральнэ къулыкъущ-лІэІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм чэнджэщ етын Ямыгъэзэпхъуэ мылъкумкІэ къэрал кадастрым зыхъуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр хилъхьэну.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий**

● Гу зылъытапхъэ

## «Налшык - Сочэ» кхъухьлъатэ гъуэгуанэр къызэІуах

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм тенджыз ФІыщІэ Іуфэм нэсыным дяпэкІэ трагъэкІуэдэнур зы сыхьэт иримыкъущ - иджыблагъэ Налшык къыщетІысэхащ а гъуэгуанэм тетыну Сочэ къикІа кхъухьлъатэр.**

СОЧЭРЭ Налшыкрэ зэпызыщІэну иджырей кхъухьлъатэ лъэщхэр «РусЛайн» авиакомпаниием ейщ. Абыхэм зэуэ щІыху 50 ихуэнущ, гъуэгуанэ зэрытетынури дакъикъэ 55-кІэщ. Сочэ къикІыурэ кхъухьлъатэхэр Налшык тІэу къэкІуэнущ - бэрэжьеймрэ тхьэмахуэмрэ. Билетхэм я уасэр сом минитІым къыщыщІэдзауэ щытынущ.

Уэгу гъуэгуанэщІэ къызэрызэІуахам и фІыгъэкІэ республикэм щыпсэухэр псынщІэу икІи тыншу кІуэфынущ Кавказым и тенджыз ФІыщІэ Іуфэм и зыгъэпсэхупІэхэм.

«РусЛайн» авиакомпаниием и кхъухьлъатэхэр мэкъуауэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ фокІадэм и 29 пщІондэ лэжьэну аращ зэкІэ. Іуэхур тэмэму зэтеубла хъурэ а унэтІыныгъэм щызекІуэн куэду игъэтмэ, Налшык икІыу Сочэ кІуэ рейсхэр зэпымыууэ щагъэІэну я мурадщ.

*КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ-лІэІэ.*

Іьэпкъ Іущыгъэ:

**Пакъуэр зыщыбэм быныр щыхейщ.**

● Махуэщі

# «Шапсугия» газетыр илъэс 30 ирокъу

**Хы Іуфэ Шапсыгъым, Псыфыліпэ къалэм, иджыблагъэ щыізэхэтащ «Шапсугия» лъэпкъ газетыр къыдэкІыу зэрыхуежьэрэ илъэс 30 зэрырикъум теухуа пшыхьыр.**

ШАПСЫГЪ Адыгэ Хасэм и жэрдэмкІэ къызэрагъэпэща гуфІэгъуэ зэхыхьэм хэтащ Сочэ къалэ зэхуэсым и тхьэмадэ **Филонов Виктор**, Псыфыліпэ щІыналъэм унафэр щызэхьэныжкІэ и къулыкъущІапІэм и унафэщІ **Бурлев Олег**, Адыгэ Республикэм и Парламентым – Хасэм лъэпкъ Іэхэухэмкіэ, хамэщІ щыпсэу адыгэхэмрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм ядалэжьэныжкІэ и къудамэм и Іэтащхьэ **Щхьэлахъуэ Аскэр**, Дунейпсо і Адыгэ Хасэм и вице-президент **Щоджэн Іэминат**, ДАХ-м и Гъэзэщіакіуэ гупым хэт, «Адыгэ псалъэ» газетым и щІэныгъэ обозревatель **Табыщ Мурат**, АР-м щылажьэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Лымыщэкъуэ Рэмэзан**, КъШР-м щыІэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Аслъэн Алий**, щІэныгъэ, щэнхабзэ, жылагъуэ лэжьакІуэхэр, хьэрычэтыщІэхэр, шапсыгъ къуажэхэм я ІыкІуэхэр, нэгъуэщІхэри.

«Шапсыгъ щІыналъэм и напщІэм телъ, зэІэпахыу щІаджыкІ ди лъэпкъ газетыр къыдэкІын щыхуежьар ди махуэгъэпсым пЛыжьу кІыхьагъэщащ - 1991 гъэм накІыигъэм и 18-р куэдым гукъинэж ящыхъуащ, ящымыгъупщэуи ягъэлъапІэ, - жиІащ зэІущІэр къыщыізІуихым Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **КІэкІыхъу Мэжид**. - Хы Іуфэм зэрыІыгъыу дыщыпсэуми, ды зэрызэлъэІэсыр мащІэт. Газетыр къызэрыунэхурэ жылэ ІэхэукІэ нэхъ щІэхІэзыхуэр дызэрыщІэхъуащ. Сыт хуэдиз гугъуэхъ газетыр Іууэми, абы и къыдэкІыныр зэрызэпымыуным, гъэнэхуа пІаІэм тету дунейм кІызэрытехьэным дыхущІокъу. ИпэкІэ къэмыхъуауэ, шапсыгъхэмкІэ мыхьэнэ зиІэ Іэхэугъуэу ди щІыналъэм къыщыхъу хъугъэщІагъэхэм я мызакъуэу, «Шапсугия» газетым ди лъэпкъым къыхэкІа цІыху цІэрыІуэхэм я ґъащІэмрэ я ехъулІэныгъэхэмрэ топсэлъыхь, ди тхыдэр щІэрыщІу къызэрегъэдзэкІыж, блэкІар ди щІэблэм къаэзрыгурыуэн бзэкІэ я пащхьэ ирелъхьэ. Газетым зэпищІэр, зэпэблагъэ ищІыр шапсыгъ щІыналъэм щыпсэу адыгэхэм я заухъумэн, атІэ дыхешІэ адыгэ дунеишхуэми – абы и фІыгъэкІэ ди хъыбарыр Къэбэрдеймии, Шэрджэсми, Адыгеймии, хамэщІ щыпсэу адыгэхэми я бжэ нос. Дауи, газетыр дунейм къытехьэн щхьэкІэ, лэжьыгъэшхуэ зэфІэпхын хуейщ. «ДиІэщ», «къудокІ» жыпІэныр дэркІэ тынш щхьэкІэ, абы и зэгъэпэщыным акъылрэ гупсысэу ихьыр къыпхуэмылъытэным хуэдизу инщ. НобэкІэ «Шапсугия» газетыр мазэм зэ напэкІуэцІкІи хъууэ, и бжыгъэр миниплЫ ныззэрыхьэсу къыдокІ. А лэжьыгъэ абрагъуэр зи пщэ дэкІыр редактор нэхъыщхьэ Ныбо Анзорщ. Лъэпкъыгъу зиІэ, хэкупсэу щыт щІалэм и фЫщІэр шапсыгъэр къыщыгъэнауэ, зэрыадыгэ дунейуэ щыинщ. Газетым дызэрыхуэгуфІэм хуэдэу, Анзори дыщогуфыкІ, и къаруР мыкІуэщІу нэгъэсауэ лъэпкъпсо мыхьэнэ зыгъуэта «Шапсугия» газетым дэфІэрафІэу щыІэну дохъуэхъу».

Сочэ къалэ зэхуэсым и тхьэмадэ Филонов Виктор псалъэ щратым къыхигъэщащ «Шапсугия» газетыр и щІэкІи, и щхьэкІи къалэшхуэм къыщыдэкІ адрейхэм къаэзрыщхьэщыкІыр. «Ямэрауэ, – жиІащ Филоновым, – лъэпкъ ґащІэр апхуэдизу лъэныкъуэ зэхуэмыдэжІэ къэзыгъэпагъуэ, кІуажэ къэс щекІуэкІым щэщІауэ тепсэлъыхь къыдэкІыгъэ щыІэкъым. ЕтІуанэрауэ, газетым и мыхьэнэр жысІам подлжэ - бзэр, щэнхабзэр, лъэпкъ щІэжьр хъумэным хуэунэтІащ, арыххэуи лъэпкъ зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэным хуэгъэпса мэхъу. И ґащІэр илъу, и зэфІэкІыр хэхъуэу мыпхуэдиз цІыхур зыщыгуфІыкІ газетыр щыІэну сохъуахъуэ».

Псыфыліпэ щІыналъэм унафэр щызэхьэныжкІэ и къулыкъущІапІэм и унафэщІ Бурлев Олег ипэкІэ къэпсэльахэм арэзы дэхъуащ икІи къыхигъэщащ къекІуэлІлахэм я мызакъуэу, щІыпІэм щыпсэу дэтхэнэми афэрымыбжьэр зэрахуэфащэр. «Нобэрей дунейм, интернетыр щІыкІуи ини щалъэІэса мы лъэхъэнэм, - жиІащ абы, - тхылъымпІэ газет къыпІэрыхьэныр, абы уеІуэснир, и мэр къыпщІихьэныр, лъапІэныгъэ епТыныр мыхьэнэшхуэ зиІэ Іэхэугъуэу къысщохъу. КъэкІуэну зэманкэм дыхуэлажьэми, ди блэкІам дрипх хуэдэу къысщохъу - зихуэдэ щымыІэ, кІуэд мыхъун гуэрым дрикъэрэгъулу къысфІощІ. «Шапсугия» газетыр къысІэрыхьэху сэ сызэгупсысыр аращ. ЖысІам щхьэкІи ар сэркІэ лъапІэщ, мы дуней зэхэзэрыхьам хэкІуэджьыну хуэмейхэм ягъэлъагъуэ щапхъэмкІи лъапІэщ. Зи ґащІэрэ зи гукъыдэкрэ абы и къыдэкІныным хэзыльхъэ Ныбо Анзор си гуапэу сохъуэхъу апхуэдэ гуэзэхэщІэ си закъуэ мыхъуу дэтхэнэ зы цІыхуми зэраритым папщІэ».

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и вице-президент Щоджэн Іэминат къыщыпсалъэм газетым и мыхьэнэр къызэрымыкІуэу зэрыиныр, и пщІэр зэрыпЛагъэр къыхигъэщащ. «Газетым пэплъэр Шапсыгъым щыпсэухэм я закъуэу къыщІэкІынукъым, сыту жыІпІэмэ абы и къыдэкІыгъэхэр адыгэхэр щыпсэу щыналъэхэм къытлъоІэсри, ди гуапэу щыдоджьыкІ, къыкІэлъыкІуэным дыпэплъу тхыґъэ хъэлэмэтхэр къыпотхуэ. Газетыр гъэщІэгъуэн зыщІыр ар уней мылъыкІэ зэпымыууэ къызэрыдэкІым и закъуэкъым, мыр лЫгъэшхуэу къызэпытэн хуейми, атІэ абы и напэкІуэцІхэм къытехуэ тхыґъэхэр зэрытха бзэ шэрыуэм шхэпсым хуэдэу уэзкІэрашхэу зэрыщытырщ. Сыт хуэдиз щІэныгъэрэ зэхэщІыкІрэ уиІэн хуей, фІыуэ пЛъагъу, зыхуэбґьадэ щымыІэ лъэпкъым и тхыдэмрэ махуэ къэс и нэгу щІэкІ хъугъэщІагъэхэмрэ къыщыпІуэтэжкІэ, уи ягъэ нэгъуэщІ лъэпкъхэм иумыґьэкІыу, уи гурыґъуэрэ уи гугъэрэ зыхебґьащІуэ утхэн щхьэкІэ?! Анзор и лъэкІыныгъэр щапхъэ зытепх хъунщ, и лжэжькІэри нэгъэсауэ щысэтехьапІэщ. Узынщэу уи Іэнатіэр илъэс куэдкІэ епхъэкІыну дыноХъуэхъу ДАХ-ми, Къэбэрдей Адыгэ Хасэми къабґьэдэкІыу», – жиІащ ДАХ-м и вице-президентым.

ЗэлъщІэ дахэр нэгуэныжьу екІуэкІащ, уэрэдрэ лъэпкъ пшыналъэхэмкІэ ґьэнщІауэ щыґащ.

«Шапсугия» лъэпкъ газетым и тхыдэм, абы иращІэкІа гуфІэгъуэ зэІущІэм теухуа тхыґъэ ди газетым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыґъэхэм я зым фЫкъыщеджэ хъунущ.

**ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.**

● Ди ехъулІэныгъэхэр

# «Къэбэрдей-Балъкъэр: телъыджэхэмрэ щэхухэмрэ» тхылъищыр къыхожаныкІ

**Удмуртием и къалащхьэ Ижевск иджыблагъэ щызэхэтащ «Тхылъэр Чайковский Пётр и хэкум» зыфІаща, щыналъэхэм эздай II зэхьэзэхуэм щытекІуэхэмрэ къыщыхэжаныкІахэмрэ я ґъэфІэж пшыхьыр. Ар къыззэзыгъэпэщари езыґъэкІуэкІари Удмурт Республикэм Лъэпкъ Іэхуэхэмкіэ и министерствэмрэ Печатымрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и Іэхуэщ Іапіэмрэщ.**

Республикэм и Лъэпкъ библиотекэшхуэм щекІуэкІа гъэфІэжым къырихьэлІащ щыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм ікІа тхакІуэхэмрэ журналистхэмрэ, тхылъ тедзапІэхэм я лЫкІуэхэр, министерствэхэмрэ къэрал къулыкъущІапІэхэмрэ я унафэщІхэр, лэжьакІуэхэр, ІещІагъэлІэхэр.

Унэтіныгъэ зыбжанэу зэхэлъа зэпеуэм хэтат ди къэралым и щыналъэ 15-м щыІэ тхылъ тедзапІэ 57-м я къыдэкІыгъи 197-рэ хуэдиз.

Щыналъэхэм эздай II зэхьэзэхуэм хэтахэм утыку кърахьа тхылъхэм хэпльа, ахэр зыгъэпсэлъэн жылагъуэм щІэну мыхьэнэмрэ зэпалъыта, зэрыґъэщІэрэщІа икІи зэрызэхэлъ и лъэныкъуэкІэ щІапІъыкІа нэужь, Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэм тхылъищ хъууэ къыщыщІэкІа, «Къэбэрдей-Балъкъэр: телъыджэлажьэхэмрэ щэхухэмрэ» зи фІэщыґъэ зэужьым «Лъахэхутэ къыдэкІыґъэ нэхъыфІ» унэтІныґъэмкІэ зэпеуэм и фЫщІэґуапэ тхылъым и етІуанэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ.

Къыхэгъэщын хуейщ, Котляровхэ Мариерэ Викторрэ мыр я щыпэ текІуэныґъэу зэрыщымытыр. «ИльэсыМ и тхылъ нэхъыфІ» урысейпсо зэпеуэм и шорт-тхылъымпІэм и цІэр къызэрыщІадзэрэ куэд щІакъым. Мы гъэм мэкъуаугъэуэм и 17-20-хэм а зэпеуэм щытекІуаэхэр щагъэфІэж гуфІэґъуэ пшыхьу Мэкъуу щекІуэкІынум ахэр ирагъэблэґъакІэщ.

Щыналъэхэм эздай II зэхьэзэхуэм и къызэґъэпэщакІуэхэм ящыщ, Удмуртие Республикэм и Лъэпкъ библиотекэм и унафэщІ Тенсинэ Татьянэ псалъэр щратым жиІащ: «Тхылъыр фЫґъуэшхуэщ. Зэпеуэм къыхалъхьа къыдэкІыґъуэхэр ди гъэтІылъыґъэхэм къызэрыхэнэм хуабжьу дыщогуфЫкІ. ЖылІэ хъунущ дыщыпсэу лъахэм и хуґъуэфЫґъуэхэм къахэхъуауэ, и акъыл мылъкур бґъуауэ. Дэтхэнэм утепсэлъыхьын, поэзи зэхуэдэу хьэґьадэщ щымыІэ лъэпкъым и тхыдэмрэ махуэ къэс и нэгу щІэкІ хъугъэщІагъэхэмрэ къыщыпІуэтэжкІэ, уи ягъэ нэгъуэщІ лъэпкъхэм иумыґьэкІыу, уи гурыґъуэрэ уи гугъэрэ зыхебґьащІуэ утхэн щхьэкІэ?! Анзор и лъэкІыныґъэр щапхъэ зытепх хъунщ, и лжэжькІэри нэгъэсауэ щысэтехьапІэщ. Узынщэу уи Іэнатіэр илъэс куэдкІэ епхъэкІыну дыноХъуэхъу ДАХ-ми, Къэбэрдей Адыгэ Хасэми къабґьэдэкІыу», – жиІащ ДАХ-м и вице-президентым.

ЗэлъщІэ дахэр нэгуэныжьу екІуэкІащ, уэрэдрэ лъэпкъ пшыналъэхэмкІэ ґьэнщІауэ щыґащ.

«Шапсугия» лъэпкъ газетым и тхыдэм, абы иращІэкІа гуфІэгъуэ зэІущІэм теухуа тхыґъэ ди газетым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыґъэхэм я зым фЫкъыщеджэ хъунущ.

**ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.**

● Суд приставхэм

# Я бынхэр залымыґьэкІэ ирагъэпІыж

**Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм (УФССП) и унафэщІ Баеев Ахъмэт зыхэта пресс-конференц иджыблагъэ ирагъэкІуэкІащ. Абы зыуґґуауэ щыпсэльыхьащ къалъхуа я бынхэр зыпІыжьыну хуэмейхэм залымыґьэкІэ апмент зэрыґагъэт щыкІэм.**

ЗЭІУЩІЭМ зэрыщыжаІамкІэ, алиментхэр зэрамытым ехьэлІаУэ Управленэм иджыпсту щІэльщ Іэуху 3765-рэ. Зи бынхэм я щІыб хуэзыґьэзэжа адэ-анэхэм я къалэныр егъэґьэзэщІэнрэ суд приставхэм я лэжьыґъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ. Чэнджэщрэ ущиекІэ къахуэмыґьэдаІуэхэм я Іэхуэхэр зекІуэ хабзэхэм тету суд пащхьэм иралъхьэ. Абы и лъэныкъуэкІэ, УФ-м и УК-м и 157-нэ статьям ипкъ иткІэ, мыґьэр къызэрихьэрэ блэкІа мазитхум уголовнэ жэуапым ирашэлІащ цІыхуи 137-рэ, административнэ тезыр тралъхьащ - 322-м, Урысей Федерацэм и ґунапкъэкъэ зэпауІщІыну хуимыту хуаґьэуващ – 2881-м, я мылъкур яубыдащ 212-м.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ УФССП-м и суд приставхэм 15 иолэжь алиментхэр егъэтыным. Абыхэм я фЫґьэкІэ сом мелуан 60,7-рэ яІэрыхьащ къэзылъхуахэм ІэщІыб ящІа сабийхэм. Апхуэдэу щыт пэтми, ди республикэм щыпсэу цІыху 1624-м нобэкІэ ар зэтрагъэхьащ мазитІ е нэхъыбэ пІалъэкІэ. ЗекІуэ законодательствэм ипкъ иткІэ, абыхэм ящыщІыкІэ административнэ, иужькІэ уголовнэ жэуап ирагъэхьынущ. Алиментхэр зымытхэм ику иту я ныбжьщ: цІыхухъхэм - илъэс 38-рэ (цІыху 3468-рэ мэхъу), цІыхубзхэм - илъэс 37-рэ (цІыху 297-рэ).

Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм щекІуэкІа пресс-конференцым къызэрыщыхьащ, зи бынхэр зыпІыжьыну хуэмейхэр нэхъыбэу щопсэу Налшык къалэм – цІыху 797-рэ. Абы къыкІэлъокІуэ Прохладнэ (700), Бахъсэн (529-рэ), Аруан (478-рэ) щыналъэхэр.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

● Прокуратурэм къет

## Умыгупсысэмэ, къыпщыщІынур

**КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Белов Сергей щІыґьэбыдащ республикэм щыпсэухэу УФ-м и УК-м и 229-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм (ипэкІэ зэгурыІуэу наркотикхэкІэр куэду игъэкІын) къыщыхьа щІэпхъаджагъэр ялэжьауэ зэрагъэкъуаншэр.**

СЛЕДСТВЭМ къызэриты мкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу гупым жыпІ телефоным и гуэдзэр къагъэсэбэпу Испанием щыпсэу и цІыхуґьэм 2020 гъэм и щэкІуґьуэм зыпащІэри наркотикхэкІ кьахуригъэхьыну ельэІуащ. Дыґьэґьазэм зыпэпІащ Налшык къалэ дэт «Урысейм и пощт» АО-м къэсащ. Ар къызэращтэжу, шэч зыхуащІэр яубыдащ хабзэхъумэ лэжьакІуэхэм.

Уголовнэ Іэхэр Налшык къалэ судым ягъэхьащ.

Хабзэм къызэрригъэувымкІэ, илъэс 20-кІэ яґьэтІысыну къалэжь.

## Псынэдахэ псы хуэныкъуэщ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэм и нэІэ тригъэщІ Псынэдэха къуажэм щыпсэуэрэ псыкІэ къызэґьэпэщыным ельэІа ныкъусаныґьэхэр ягъэзэкІужьыным.**

РЕСПУБЛИКЭМ и прокуратурэм Инстаґрам сетым щиІэ «prockbr.ru» официальнэ аккаунтым къыщыІэрыхьащ псынэдахэдзэхэм псы зэрамыІэм теухуа хъыбар. Ар къыщапщытэм наІуэ хъуащ къуажэдзэхэр псыкІэ ґьґьу зэрехьэр.

Дзэлыкъуэ районым и прокуратурэм нэхъапэкІэ къыщипщытам Псынэдахэ къуажэ администрацэм ныкъусаныґьэхэр игъэзэкІужьыну хуигъувати, игъэзэщІакъым. Иджы прокуратурэм судым игъэхьащ мы Іуэхур, псынэдахэдзэхэр псыкІэ къызґьэпэщыжьыр къуажэ администрацэм пщэрылъ щащІыр пщащІэ.

Республикэ прокуратурэм и нэІэ тетынущ ныкъусаныґьэхэр зэрагъэзэкІужьым.

## Къуажэдэсхэм я зэхуэс

**Тэрч районым и прокурор Нэґьэщіу Зауррэ район администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Хъущт Аслъэнбийрэ хэтащ Тамбовскэ къуажэм щыпсэухэм я зэхуэсым.**

ПРОКУРОРЫР абы къыщыпсэльащ Іулъхьэ тынкъеІыхьым, экстремизмымрэ терроризмымрэ пэщІэтыным, апхуэдэхэр къэмыґьэхъуным теухуауэ, ягурыґьэуащ федеральнэ законодательствэм къиґьэувхэр.

Гулыитэ щхьэхуэ хуащІащ балигъ мыхъуахэр егъэджэнымрэ гъэсэнымрэ, хабзэм ебакъуэу щІэпхъаджагъэ ямышІэным теухуауэ я къалэнхэр зэхуэдэм, ахэр зэрагъэзащІэм.

Къуажэдэсхэр зыщІэупщІахэм жэуап ираташ.

**УАРДЭ Жантинэ.**

● КъулыкъущІэхэр

# Лъэсу ирекІуэ

**Сыт щыґьуи жаІэ лъэсу къэпкІухьыныр зэрысэбэпыр. Иджы ар яґьэунэхун яхуэзэфІэкІынущ Карелием щыщ къулыкъущІэхэм.**

ЩІЫНАЛЪЭМ и щыхьэр Петрозаводск и Іэтащхьэ Любарский Владимир езым и къуэдзэхэм яІихащ щыхьэраклухь транспортыр. Абы ахэр къыхуриджащ лжьапІэм езыр-езыру кІуэну. Хуит къэхъуэа автомашинэхэр къалэ поликлиникэхэм ираташ. ИпэІуэкІэ къулыкъущІэхэр автомобиль пЛъапсейхэм къигъэкІын хуейуэ жиІащ финансхэмкІэ министр Силуанов Антон. Ар даІыґьащ щыналъэхэм я губернатор, къалэхэм я Іэтащхьэ зыбжанэм. Арщхьэкіэ нужьыІэ а Іуэхур ужьыхьажат.

Сыт абы теухуауэ жыпІэ хъунур? Дауи, къулыкъу лъагэ зыІыґь цІыхум и дежкІэ тыншу щытынукъым жылагъуэ транспортІэ лжьакІуэ кІуэныр: абы къыкІэрыхъыжьынущ зи Іуэху дэмыкІ куэд. Ауэ сыт ахэр нэґьуэщІ къэралхэм щащІа машинэ зыкъэзыхъхэм исын щІыхьэр? ЦІхьэ хэкІуэ мыхъурэ ди къэралым щащІа автомашинэхэмкІэ?

**ШАЛ Мухьэмэд.**

# Дыґьужь Сарэ адэжь хэкум къегъэзэж

**Нэхъапэіуэкіэ фэдґьэцІыхуащ мы тхыґьэр зытеухуа Дыґьужь Сарэ: Иорданием къикІыжауэ Налшык щыпсэу хъыджэбз акъылыкІэм икІи зэкІужьым 2016 гъэм къыхуаґьэфэщауэ щытащ Къэбэрдей Адыґэ Хасэм къызэрригъэпэщауэ илъэс зыбжанэ хъуауэ екІуэкІ «Адыґэ пщащэ» республикэ зэпеуэм и Гран-при саугъэтыр.**

АБЫ ЛЪАНДЭРЭ псы Іэджэ екэжащ икІи, хамэ къэрал къызэрыщыхъуами емылъытауэ, хэкурыс хъыджэбзхэм ефІэкІыу зыкъэзыґьэлъґьуа адыґэ пщащэм нобэ и лэжьыґьэр, екъулІэныґьэхэр, ґьащІэм хуиІэ еплъыкІэхэр тфІэґьэзащІэґьэнщ.

И ныбжьыр илъэсий хъуу Сарэ и унаґьуэм и ґьусэу Налшык щыпсэуащ. Иужьрэ ахэр Иорданием Іэпхъуэжащ. Амман дэт, пащтыхьыкъуэ Хьэмэз и цІэр зезыхьэ адыґэ ежьапІэм щІэныґьэ щызэригъэґьуэтащ. Курыт школ нэужьым Сарэ занщІэу Налшык къалэґьэри КъБКъУ-м инженер Іэщ Іагъэм щыхуеджащ икІи абы щыґьуэ пщащэм мурад быдэ ищІат ди республикэм щІэныґьэ щызыІэригъэхьэным и мызакъуэу, хэкужьыр псэупІэ ищІыну. Сарэ а хъуэпсапІэр къехъулІащ икІи къызэрытхэшыпсыхьажэр нэрылъагъуэ республикэм къыщалэґьт Іуэхуэхэм, лъэпкъым ельэІуаґьэ къызґьагъэпэщ зэхьыхьэхэм жьыджэру зыкъыщеґьэльэґьуэ. - Инженер Іэщ Іагъэр зэзґьэґьэуґьэтауэ «Квадратный метр» Іуэхущ Іапіэм риэлтору сыщІолажьэ. Тхьэмахуэм махуитху сызыпэрыт Іэнатіэр сигу ирохь, зыґьэпсэхуґьуэ зэману къысхудэхуэр мащІэми. Унэ къащІэхун хуей щыхьукІэ, си благъэкъеми сэбэп сазэрыхуэхъуфЫр фЫщІ, - жеІэ Сарэ. – Си унаґьуэр Иорданием щыпсэуами, си анэ-шыпхъу, анэдэлъхъ жыпІэми, си благъэхэр Налшык щыІэщ. Си анэм къохьэлъэкІ нэґьабэ льандэрэ Налшык къэкІуэну Іэмал зэримыІэр.

Хамэ къэрал и хэщІапІэми, гурэ псэкІэ хэкум къыпыщІа ди лъэпкъэґьуэхэм ящыщт Сарэ и адэ-анэр. Дыґьужь Уаеліорэ КІэдыкІуей Нансирэ я унаґьуэр Иорданием и къалащхьэ Амман щыпсэуами, Налшык быдэу къыпыщІат, абыхэм я унаґьуэм къежьапІэ хуэґьуэуари ди республикэм щаґьэкІуа я студент илъэсхэрщ.

Нанси Сирием къыщалъхуащ, курыт еджапІэр къиуха нэужь, и адэ-анэм хэкужьым еджакІуэ къагъэкІуэжащ икІи КъБКъУ-м инджылызыбзэмкІэ и къудамэр къиухащ. Уаеліи Иорданием къикІуаэ Налшык щеджэрт. Университетым щызэрыцІыхури хэкужьым унаґьуэ щаухуащ икІи илъэс куэдкІэ мыбы щыпсэуащ. Иджы Иорданием Іэпхъуэжауэ илъэс пщыкІутхум щІигъуаэ абы щыІэщ. Къаґьэзэжьыну я мурадщ, я бынхэм я гур адэжь щІыналъэмкІэ къоІэри.

Уаеліорэ Нансирэ щІалитІ рэ хъыджэбзищрэ яІэщ. ЩІалэ нэхъыжь Ислъам университетыр къиухащ, шыкІэпшынэ Іэзэу иоуэ. И анэм зэрыжиІэмкІэ, Налшык еджакІуэ къызэрымыкІуам хущІегъуэжу апхуэдэщ. Ахьмэд илъэс 21-рэ, Саринэ илъэс 18, Юсуэ илъэс 12 мэхъу.

Я бынхэр Амман дэт, пащтыхьыкъуэ Хьэмэз и цІэр зезыхьэ адыґэ еджапІэм щІэсащ. Ардыдэм Нанси адыґэбзэмрэ инджылызыбґьзэмрэ щиґьащІэ. Ахьмэд еджапІэм щІэсащ, Ардыдэм Нанси адыґэбзэмрэ инджылызыбґьзэмрэ щиґьащІэ. Ислъам университетым къиухащ, шыкІэпшынэ Іэзэу иоуэ. И анэм зэрыжиІэмкІэ, Налшык еджакІуэ къызэрымыкІуам хущІегъуэжу апхуэдэщ. Ахьмэд илъэс 21-рэ, Саринэ илъэс 18, Юсуэ илъэс 12 мэхъу.

Я бынхэр Амман дэт, пащтыхьыкъуэ Хьэмэз и цІэр зезыхьэ адыґэ еджапІэм щІэсащ. Ардыдэм Нанси адыґэбзэмрэ инджылызыбґьзэмрэ щиґьащІэ. Ахьмэд ильэс 21-рэ, Саринэ ильэс 18, Юсуэ ильэс 12 мэхъу.

Я бынхэр Амман дэт, пащтыхьыкъуэ Хьэмэз и цІэр зезыхьэ адыґэ еджапІэм щІэсащ. Ардыдэм Нанси адыґэбзэмрэ инджылызыбґьзэмрэ щиґьащІэ. Ахьмэд ильэс 21-рэ, Саринэ ильэс 18, Юсуэ ильэс 12 мэхъу.

Хамэ щыІэпІэм зи ґьащІэр щызыґьэкІуа Нанси адэжь пЛъхэм и Іэфіыр зыхэзыщІа бзылъхугъэщ. Амман бынитхум я анэ насыпыфІэу щыпсэуами, си гур адэжь хэкумкІэ къеІэхэм ящыщ. Абы и адэ-анэри, и дэлъхъушІупхъуэри къэІэпхъуэжауэ Кавказым щопсэу. Нэхъ пасэм, щыщІыкІум, я адэ-анэр щІэх-щІэхыурэ къаІэкІуэ щытащ Налшык, къаІэнэмыщІауэ, и адэм Іуэхущ Іапіэ къызэІуихри, туристхэр Кавказым къишэу щІидзащ. Ауэрэ я бынхэми, Урысейм и гражданствэ къыхудахри, хэкужьым щІэхъ-

щІэхъыурэ къиухьэж хуащ. Сирием зауэ къыщыщхьэйри, къызыхэкІахэр Налшык къэІэпхъуэжьыпащ. И адэ-анэм, я къуэш-шыпхъуэхэр Америкэм щыкІуэм, абыхэм ґьуэсэ зыхуащІын ядакъым, адэжь хэкум къагъэзэжмэ нэхъ хьащтащ. Нанси и анэр илъэсий илъэсий ипэкІэ Къэбэрдей дейм дунейм щекьижащ.

Дыґьужьхэ я унаґьуэм дежкІ щыпэрыпІаґьуэщ ґьащІэм зэрыщыхабзэу, бы ным адэ-анэр, адэшхуэ-анэшхуэр щапхъэґьэлъаґьуэ зэрахуэхъуэр, Уаеліорэ Нансирэ адэжь щІыналъэм пыщІэныґьэ быдэ зэрыхуаІэр арагъэнщ абыхэм я щІэблэмэ хэкум я нэр къыщыхуикІыр, адыґэбзэкІэ къьабзэу щІэпсалъэр, балигъыпІэ зэриувэу я лъахэм къэкІуэжьыну къыщІэпабґьэр.

Сари анэдэлъхубзэм и ІэфІым щІэзыпІыкІар и анэ Нансищ. Хэхэс ґьащІэм и дыджагъыр зыґьэунэхуа бзылъхугъэр хамэхэм яхэсу къэхъуа-ми, нэґьуэщІыбзэхэр иджами, и сабийхэм зэрепсалъэр езыр зыщІапІыкІа и анэдэлъхубзэрщ, сыту жыпІэмэ абы фІыуэ ищІэрт уи щІэблэм уаэзрепсалъэ бзэр къызэращтэнур. Хамэбзэ дапщэ пщІэми зэранкъым, ауэ уи анэдэлъхубзэр Іэщ Іыб пщІыну къезґьэыркъым.

Дыґьужьхэ я унаґьуэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Налшык къалэр зыхалъхэ щымыІэу фІыуэ ялъаґьу. ЩІыуэпсым и дахаґьэр, щІыхухэм я ґьупапэр, я лъэпкъґьэхуэр зэрыщыкъуэдыр насыпышхуэу къалытэ. Хамэ щІыпІэм сыт хуэдизу я Іуэху щыдэкІми, абы зэрыщІихэхэсыр зыхащІэ зэпытщ, къэзыхъуреихьри нэґьуэщІ лъэпкъ къыхэкІа цІыхухэщ. Насыпу къалытэр я хэку дахэм и куэщІ ицыжьынрщ.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**

● Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр илъэси 100 щрикъум ирихьэлІэу

**КъБР-м и композитор цІэрыІуэхэу** *(сэмэгумкІэ къыщыщІэдзауэ)* **ХьэІупэ Джэбрэил, Темыркъан Борис, Молэ Владимир, Хьэхъупащэ Хьэжбэчыр, Кърдэн Хьэсэн, Къэзан Аслъэнджэрий сымэ Москва макІуэ.** *1993 гъэ*

# КIыщ Мухьэдин: Сурэт щIэсщIыр нэгъуэщIу зэрысхуэмышэчырщ

• Ди псэлъэгъухэр

***УФ-м щIыхь зиIэ и художник, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, ХудожествэхэмкIэ Урысей академием хэт, ЩIДАА-м, европей академием и академие зыбжанэм я академик КIыщ Мухьэдинрэ и арт-унафэщI Жаклинрэ ди гуапэу захуэдгъэзащ. Испанием щыпсэу, щIэх-щIэхыурэ Налшык къэкIуэж ди хэкуэгъу художник цIэрыIуэмрэ и щхьэгъусэмрэ уепсэлъэну сыт щыгъуи щIэщыгъуэщ. Иужьрей илъэсхэм сурэтыщI Iэзэм гъуазджэм хуищIа хэлъхьэныгъэхэм, и лэжьыгъэ хьэлэмэтхэр дунейпсо утыку зэрыщигъэлъагъуэм, и ехъулIэныгъэхэм, пандемием зригъэува щытыкIэм, гъуазджэм хуиIэ лъагъуныгъэм теухуа и гупсысэхэмрэ и мурадхэмрэ гъэщIэгъуэн тщыхъуащ.***

**- Мухьэдин, уи лэжьыгъэхэм куэд къызэрызэщIаубыдэм гу лъыботэ. Иужьрей зэманым сытхэм нэхъ уелэжьрэ?**

- Зытеухуа темэ елъытауэ серие-сериеу зэхэдза лэжьыгъэ щхьэхуэхэр си мащIэкъым. Абыхэм яхэтщ Къэбэрдейм, Iуащхьэмахуэ, Африкэм и щIыпIэхэм, цIыхубзхэм, сабийхэм, къафэхэм, псэущхьэхэм, къуалэбзухэм, удз гъэгъахэм, лъагъуныгъэм, нэгъуэщIхэм ятеухуа сериехэр, дэтхэнэми лэжьыгъэ 30-50-м нэблагъэ хыхьэу. Пэжыр жыпIэмэ, темэми плъыфэми къытезгъэзэжыну сфIэфIкъым. Аращ гъуазджэм и щхьэхуэныгъэ хъужыр. Серие пыухыкIам хыхьэ темэм къытезгъэзэжми, еплъыкIэщIэ сиIэущ сызэрыбгъэдыхьэр, сыту жыпIэмэ, сщIыну сурэтыр зэлъытыжар сиIэ гукъыдэжырщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, кактусым теухуа лэжьыгъэ зыбжанэ сиIэщ икIи банэ зытет а удз телъыджэм теухуа сурэтищэм щIигъу си Iэдакъэ къыщIэкIащ, я гъэгъэкIэкIи, теплъэкIи, къыщыкI щIыпIэкIи зэрызэщхьэщыкIыр къэзгъэлъагъуэурэ. ИтIанэ, Испанием шухэри лъэсырызекIуэхэри зэхыхьэурэ лъэпкъ уэрэдхэмрэ къафэхэмрэ я махуэхэр жэщ-махуэкIэ зэпамыгъэууэ тхьэмахуэм нэблагъэкIэ зэрыщагъэлъапIэм теухуа, тхыдэ гъэщIэгъуэн къызыдекIуэкI махуэшхуэм и теплъэгъуэр къызэрыщ сурэтышхуэ сиIэщ. Апхуэдэ карнавалхэм хорхэм уэрэдхэр щыжаIэ, къэрал унафэщIхэм хуаIэ еплъыкIэхэр къыхэщу, гушыIэр къагъэсэбэпурэ я ныкъусаныгъэхэм гу лърагъэтэжу. Къэнжал зауэр илъэс 300 щрикъум ирихьэлIэу лъэпкъым и нэгу щIэкIа а къэхъугъэр уи нэгу къыщIэзыгъэхьэ сурэт сщIащ. Ар «Трек» шхапIэм и блыным пIалъэкIэ фIадзауэ фIэлъщ. КъищынэмыщIауэ, натюрморт, портрет сериехэр, абстракт лэжьыгъэхэр сиIэщ.

**- БлэкIа илъэсхэм уи лэжьыгъэхэр дэнэ щыбгъэлъэгъуа?**

- Нэгъабэ си лэжьыгъэхэр дуней псом и щIыналъэ 16-м, Мадрид, Москва, Налшык къалэхэри къызэщIиубыдэу щызгъэлъэгъуащ. Псори зэхэту си щхьэзакъуэ выставкэ 49-рэ утыку къисхьащ икIи абы и лъэныкъуэкIэ Урысейм етIуанэ увыпIэр щысIыгъщ. Си гъэлъэгъуэныгъэхэр къыщызэIуахкIэ хуабжьу цIыхушхуэ къызэрекIуалIэр гуапэщ. ЕкIуу къызэрагъэпэщ, щIэщыгъуэу икIи гукъинэжу ирагъэкIуэкI. КъыжыIапхъэщ си сурэтхэм къызэрытезмыгъэзэжыным иужь сызэритыр.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, республикэм выставкэхэр махуэращ щылажьэр балигъхэр IэнатIэ пэрыту, ныбжьыщIэхэр еджапIэм иджыри щыIэу. Гу зылъыстаращи, гъэлъэгъуэныгъэхэр къыщызэIуахкIэ цIыхушхуэ къекIуалIэ щхьэкIэ, ар зэхуащIыжыху махуэ къэс мащIэ дыдэщ щыIэр. Выставкэм, сурэтыщI гъуазджэм цIыхухэм мыхьэнэ нэхъыбэ иратын хуейщ. Нэхъыбэр музейхэм кIуэркъым, телевизоркIэ тлъэгъуат, радиокIэ зэхэтхат жаIэ мыхъумэ. Псори къыхуздожьэ гъуазджэм хуэфащэ гулъытэ хуащIыну.

Илъэс 30-м щIигъуауэ си выставкэхэр къызэзыгъэпэщыр, зи пщэрылъ Жаклинщ икIи аращ зи фIыгъэр си гъэлъэгъуэныгъэхэмрэ сурэтхэмрэ я бжыгъэм хуздитIкIэ зэрыхэхъуар.

СурэтыщI гуэрым газетым къытригъэдзауэ щытащ: «Жаклин хуэдэ щхьэгъусэ сиIам сэри

Мухьэдин нэхърэ мынэхъ Iейуэ сурэтхэр сщIынт» жиIэу. Абы и жэуапу фейсбукым щыстхащ: «Нобэ Жаклин къыщалъхуа махуэщ. СурэтыщI псоми Жаклин зырыз Тхьэм къывит!». Ар щIыжысIэращи, Жаклин ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ, ХудожествэхэмкIэ Урысей академиехэм щIыхь иIэу хэтщ икIи си менеджерщ. БзиплI къабзэу ещIэри ахэр къигъэсэбэпурэ си выставкэхэм теухуауэ куэд зэфIегъэкI. КъищынэмыщIауэ, зы лэжьыгъэ гуэр ящэхуауэ егъэхьын, зыгуэр зэгъэзэхуэжын, псэукIэм ехьэлIа Iуэхухэр зэфIэгъэкIын хуейми зи пщэ дэлъыр аращ.

**- Сыт хуэдэ IэщIагъи ирехъуи псынщIэу зызыужь зэманым удекIун папщIэ зэпымыууэ уи щIэныгъэм хэбгъэхъуэн, техникэ, Iэзагъэ, бгъэдыхьэкIэ жыпIэми, щIэ гуэрым ухуеджэн хуейщ. Абы и лъэныкъуэкIэ сыт къыджепIэн, Мухьэдин?**

- Сызыщытхъужынщи, Урысейм искъым айпадым профессиональнэу ирилажьэ сурэтыщI. А техникэм зыхуэзгъэсэным илъэсищ-плIы текIуэдащ. Фейсбукым къислъхьэ си лэжьыгъэ псори а Iэмалыращ зэрысщIыр. ДагъэкIи, акварелкIи, къэрэндащкIи апхуэдэ сурэтхэр пхуэщIынукъым. ИужькIэ узыхуей цIыкIуагъ-инагъым тету ахэр къыдэбгъэкIыжыфынущ. А техникэмкIэ темэ щхьэхуэм хухэсха серие зыбжанэ сиIэщ. Псори къызэщIэпкъуэжмэ, а Iэмалыр къэзгъэсэбэпурэ лэжьыгъэ мин бжыгъэ зыбжанэ сщIащ.

СурэтыщI псори сурэтыщIкъым. Къапщтэмэ, зэфIэкI зиIэ художникыу ирехъуи, стIолым бгъэдэтIысхьэрэ хьэпшып гуэрым сурэт трищIыкIкIэ ар сурэтыщI нэскъым, зыпэрыт лэжьыгъэм и еплъыкIэ, и гупсысэ гуэр химылъхьэмэ, художникым и IэщIагъэм творческэ и лъэныкъуэкIэ лъагъуныгъэ хуимыIэмэ, гъуазджэ къыхуэгъэщIынукъым. Ди IэщIагъэм хуемыджами, Тхьэм кърита Iэзагъ зыбгъэдэлъхэри щыIэщ, сурэт щIыным ирилажьэу, ирипсэууэ.

**- Нобэ зым и дежкIи щхьэкъым литературэм, художественнэ тхыгъэхэм хуэдэу гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ, абы я цIыхухэм я пщIэр зэрехуэхар. ЩытыкIэм зихъуэжын, цIыхубэм а унэтIыныгъэхэм хуаIа лъапIэныгъэр къэIэтыжын и лъэныкъуэкIэ сыт хуэдэ Iэмалхэр щыIэ?**

- Гъуазджэм и Iуэху зэIумыбзэхэм я гугъу щыпщIыкIэ, ди республикэм щыщIэхъуэу укъыхэувэн хуейщ, сыту жыпIэмэ, ди щIыналъэм и закъуэщ Иджырей гъуазджэхэм я музей щымылажьэр. Дэнэ щIыпIи апхуэдэ IуэхущIапIэхэр щаухуащ, къэбгъэлъагъуэмэ, Владикавказ музеитI къыщызэIуахащ.

Си сурэтхэр илъэс зыбжанэ хъуауэ Налшык къыдошэ, гугъуехьхэр пылъу, мылъкушхуэ текIуадэу, си хэкуэгъухэм къахуэзгъэнэн мурадкIэ. Си ныбжьыр хэкIуэтэхукIэ си лэжьыгъэхэр си хэкуэгъухэм нэхъ яхуэщхьэпэну къызолъытэ. Лъэпкъ музейм сурэтхэр щахъумэу зы пэш цIыкIу яIэу аращи, абы си лэжьыгъэхэр щIэхуэртэкъыми, си мастерскойм сшащ. ХъумапIэ къагъуэтыху ахэр цIыхухэм ялъэгъунукъым икIи я сэбэп екIынукъым. Илъэс пщыкIузкIэ узэIэбэкIыжмэ, Шэджэм районым и Iэтащхьэу щыта Мамбэт Михаил сыкъигъэгугъат музей схуищIыну. Ар республикэм и Iэтащхьэу щыта Къанокъуэ Арсен, иужькIэ КIуэкIуэ Юрий сымэ даIыгъауэ щытащ, арщхьэкIэ псалъэмрэ Iуэхумрэ зы хъуакъым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, пэшикъагъуэтыфакъым, музеи яхуэухуакъым. Къэгъэгугъэ къудей мыхъуу, а Iуэхур зэфIагъэкIыну жаIа пэтми...

Мылъку зэгъэпэщыным дихьэхахэр гъуазджэм пэжыжьэщ. Абы пэгъунэгъухэм сурэт къызэращэхун ахъшэ яIэкъым. Аращи, ди лэжьыгъэхэм щIэупщIэр мащIэщ. Мыхьэнэ зиIэ тхыдэ лэжьыгъэ сурэтыщIым ищIыным мазэ бжыгъэ токIуадэ, уаси иIэщ. Ауэ, ар зыщэхун зэрыщымыIэм къыхэкIыу, художникым щIэупщIэ зиIэ удз гъэгъа натюрмортхэр псынщIэ-псынщIэу ищIын хуей мэхъу. ИтIанэ, куэд зытемыкIуадэ къэрэндащхэмкIэ сурэтхэр ящIын хуей мэхъу, сыту жыпIэмэ краскэхэр зэрылъапIэм къыхэкIыу. Нэхъапэхэм ЩэнхабзэмкIэ министерствэм ди лэжьыгъэхэр ищэхуу щытащ. Иджы министерствэри цIыху щхьэхуэхэри апхуэдэу щIэупщIэжыркъым. Художникым и лэжьыгъэхэр пуду ищэжыныр къеззэгъыркъым. Аращи сурэтыщIыр хуэм-хуэмурэ творчествэм пэIэщIэ мэхъу. Ди IэщIагъэм фейдэ къызэрыпэмыкIуэм къыхэкIыу Iэщ фермэ зэзыгъэпэща художникхэри си цIыхугъэщ. Си щхьэкIэ сурэт щIэсщIыр си IэщIагъэр псэкIэ зэрыспэгъунэгъурщ, сымыщIу зэрысхуэмышэчырщ. Искусствоведхэр хуэм-хуэмурэ кIуэдыжащ, художникхэр критикэм зэрыхуэхейм къыхэкIыу.

Гъуазджэм пэжыжьэ цIыхухэм я пащхьэм мыхьэнэ зимыIэ хьэпшыпхэр аукционхэм лъэпсейуэ щащэ щыIэщ, зыхуэбгъадэ хъун щымыIэу къалъытэу. Апхуэдэу мелуан бжыгъэкIэ ящащ спиртым хэлъ акулэр, шыщхьэр, шыд лъакъуэр, нэгъуэщIхэри. Ар зыхуэфащэ гъуазджэ лэжьыгъэхэм гу лърамыгъэтэным тещIыхьа политикэщ. Псом хуэмыдэу а Iуэху зэIумыбзыр Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щызокIуэ.

**- Жаклин, Мухьэдин и лэжьыгъэхэм я хъумапIэ музей Испанием къызэрыщызэIуахыр хьыбарыфIщ. Абы ехьэлIа лэжьыгъэхэр здынэсам дыхуейт щыгъуазэ дыхуэхъуну.**

- Илъэс зыбжанэкIэ узэIэбэжмэ, Барбаты къалэм и Iэтащхьэм музей къыщызэIухын папщIэ IуэхущIапIэщ щыIэхэм языхэзым дыщыхагъэдэм нэхъапэм кинотеатру щыта IуэхущIапIэр къыхэтхат, театрхэр, кинохэр зэрыщагъэлъагъуэм къыхэкIыу цIыху кIуапIэу зэрыщытар къэтлъытэри. Ауэ, пIалъэ куэдкIэ зэрымылэжьам къыхэкIыу метр зэбгъузэнатIэ 600 хъу а ухуэныгъэр зэгъэпэщыжын хуейщ. Коронавирусым а лэжьыгъэр зэпигъэуащ. Мыгувэу зэтраублэжыну дыщогугъ. ГуфIэгъуэ щытыкIэм иту ар мы гъэм къызэIуахыну яубзыхуащ.

КъыжыIапхъэщ, Испанием Мухьэдин и творчествэм пщIэшхуэ зэрыщыхуащIыр, и лэжьыгъэхэм щIэупщIэ зэрыщиIэр, гъуазджэм, дахагъэм щIэблэр щIэпIыкIыным, щэнхабзэм пэгъунэгъуу къэгъэхъуным мыхьэнэ зэригъуэтыр къазэрыгурыIуэр. А псом къыдэкIуэу Мухьэдин и лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэса музейм и фIыгъэкIэ туристхэр нэхъыбэу щIыналъэм къызэрыришэлIэнур къалъытащ. Къэбэрдей-Балъкъэрми хуэдэу, Мухьэдин Испаниеми сурэт 1000-м щIигъу, гъуазджэм ехьэлIа тхылъ, пасэрей хьэпшып куэд щиIэщ. Ахэр цIыхубэм къахуигъэнэну и хъуэпсапIэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Мухьэдин музей къыщыхузэIуахыну дыкъагъэгугъэри илъэс пщыкIузкIэ дыпэплъащ. ДэIэпыкъуэгъу щыдмыгъуэтым мурад сщIащ си адэм къысхуигъэна ахъшэр Мухьэдин и творчествэм хэлъхьэныгъэ хуэсщIыну икIи Налшык щыIэ и лэжьыгъэхэр щытхъумэн щIыпIэ къэзгъуэтащ. Ар музей е галерее мыхъуу, КIыщ Мухьэдин и цIэр зезыхьэ Гъуазджэ унэу щытынущ. Абы и бжэр зэпымыууэ зэIухауэ щытынукъым, атIэ ар зэлъытауэ щытынур иIэну щIэупщIэрщ. Гъуазджэ, литературэ, макъамэ пшыхьхэр, концертхэр щекIуэкIыну, художникхэр, тхакIуэхэр, музыкантхэр къедгъэблэгъэну, пианинэ щыдгъэувыну ди мурадщ.

**- Пандемием кърикIуа гугъуехьхэр зылъэмыIэса щIыналъэ къэгъуэтыгъуейщ. Абы цIыхухэр зыхуиша щытыкIэм къыхэкIыу лэжьыгъэ куэд къызэтригъэувыIащ, IэщIагъэ зыбжанэм я щIэупщIэм пIалъэкIэ кIэригъэхуащ. Абы ижь зыщIихуахэм фэри фащыщ?**

- Китайм хуэдэу Испаниеми пандемием псынщIэ дыдэу зыщиужьащ. ЦIыхушхуэ зэуэ сымаджэ хъуат, нэхъыбэр узым ихьырт. Абы щыгъуэ дэ Париж дыщыIэт, Венецием выставкэ сыщиIэти. ПсынщIэ-псынщIэу Испанием дылъэтэжыну дыхуейт, кхъухьлъатэхэр къызэтрамыгъэувыIэ щIыкIэ. ЗэрыхъукIэ нэхъ псынщIэу Испанием дыкIуэжащ. Сыт хуэдизу демыпIэщIэкIами, Жаклини сэри сымаджэ дыхъуащ. Тыншу узыфэр тщIэкIауэ жыпIэ хъунущ. КIуэ пэтми Испаниер лIэныгъэ нэхъыбэ зиIэ къэралхэм ящыщ зы хъуащ. Уэрамым лейуэ дыдыхьэну нобэр къыздэсым хуитыныгъэ диIэкъым. Испанием лIэныгъэр, Урысейм сымаджэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрыщыхъуам къыхэкIкIэ тхьэмахуэм зэ ди кхъухьлъатэхэр Урысейм къэлъэтэну хуит ящIащ. КъыдэмыхъулIэу билетыр тхуэ-хэ ттыжын хуей хъуащ. ДыкъызэрыкIуэжами гугъуехь куэд пыщIащ. Гъунапкъэ къэс, къэралым дыкъихьэжа нэужь, аргуэру зэ тест ттыным дыпхыкIа нэужь, карантин дыщысын хуейт хъуащ. Илъэсрэ ныкъуэрэ ипэкIэ дыкъэкIуэжыну ди мурадащ, ауэ иджыри къыщыдгъэзэжакъым. Апхуэдэу пIалъэ къыхьэкIэ республикэм дыкъэкIуэжмэ Iэмал дыщимыIэ къэхъуакъым.

**- Илъэс зыбжанэ хъуауэ зэщхьэгъусэхэр Испанием фызэрыщыпсэум, фи лэжьыгъэр абы зэрыщыIукIуатэм я гугъу фэзгъэщIынут.**

- Жаклин сэрэ илъэситхукIэ Лондон дыщыпсэуащ. А щIыпIэм щIымахуи, гъатхи, гъэмахуи, бжьыхьи зы махуэ къэмынэу уэшх къыщошх, зэпымыууэ уэтIпсытIщ, икIи мыщIыIэу икIи мыхуабэу. Испаниер щIысфIэфIыр дыгъэпсыр зэрыщыкуэдырщ. Пшагъуэр махуэ зыбжанэ тетуращ. КIуэ аракъэ, гъатхэм уэшх тIэкIу щыIэм сщIэркъым, армыхъумэ зыри къыщешхыхэркъым. Адыгэхэм хуэдэу абыи щыпсэу цIыхухэр гуапэхэщ, хабзэ яхэлъщ, хьэлэлщ. СызэрыцIыкIурэ сыщIэхъуэпст Андалузием сыщыпсэуну. Лондон дэт ди унэр тщэжри, Жаклини сэри дыкъышалъхуа щIыналъэ мыхъу Испаниер къыхэтхащ. Абы щIапIэ ин къыщытщэхури абы унэ щедгъэщIащ, мастерскойр и гъусэу. Унэшхуэ, жыг хадэ диIэщ. А унэм и щхьэм мастерскойр тету аращ, метрои ситIысхьэркъым, хьэгъуэлIыгъуи фадафи сыкIуэкъым. Махуэ къэс солажьэ. Жаклинрэ сэрэ дызэакъылэгъущ, ди Iуэху еплъыкIэхэр, гупсысэкIэхэр зэтохуэри тыншу дызэдокIуэкI. Апхуэдэу илъэс 25-рэ хъуауэ Испанием дыщопсэу. Абы жагъуэгъуи, фыгъуи щызиIэкъым.

Къапщтэмэ, зы махуи сыщIэхъуэпсатэкъым нэгъуэщI къэрал сыщыпсэуну. Ауэ, уи лэжьыгъэм зыгуэр щызэбгъэхъулIэнумэ, зыбгъэпщкIуу улэжьэн хуейуэ аращ. Зэпымыууэ Налшык сыдэсамэ концертхэм сыкIуэн, гъуазджэ, щэнхабзэ зэхыхьэхэм сыхэтын хуей хъунут. Абы сыщIыщыIэм и щхьэусыгъуэр аращ. Сыщыпсэу щIыпIэр мэзым пэгъунэгъу тенджыз Iуфэм Iутщ, дачэ, къалэ цIыкIу хуэдэу. Тенджыз Iуфэм ущылэжьэну щIыпIэфIщ.

**- Мухьэдин, уэ - уадыгэщ, Жаклин - инджылызщ. Испанием щыпсэу лъэпкъхэм тыншу фадекIуэкIрэ? Лъэпкъ хабзэхэм я зэщхьэщыкIыныгъэр зыхэфщIэрэ?**

- Ди нэхъыжьхэм къытхуагъэна адыгэ хабзэм хуэдэу хабзэ дахэ зыдэплъагъу зы лъэпкъи щыIэкъым. ХьэщIагъэ къуахми, шхыныгъуэ хэплъыхьахэр я Iэнэм къытрагъэувэми, цIыху гуапэми, хьэлэлми, Iэнэм уззэрыбгъэдэсын, нэхъыжьым пщIэ хуэпщIын зэрыхуейм я щIэблэр щIапIыкIыркъым.

А щIыпIэм щыпсэухэм хуабжьу яфIэфIщ сыхьэт бжыгъэкIэрэ псэлъэн. Я шэджэгъуашхэр сыхьэтиплI-тхукIэ йокIуэкI, адыгэ нэчыхьытхым зыкIи къыкIэрымыхуу. ХьэщIэхэр къыщыдыхьэкIэ сэлам язох, садошхэри, мастерскойм сыдокIуеиж. Сышхэн къудей мыхъумэ, сыпсэлъэн щхьэкIэ стIолым зэи сыпэрыскъым, зэпымыууэ Жаклинщ ядэщысыр. Зэману сиIэр сурэт щIыным тызогъэкIуадэ.

Испанием щыпсэу цIыхухэр апхуэдизкIэ зэрыIыгъщи, зыгуэркIэ уи Iуэху дэхуэхмэ къэкIуэнурэ къыбдэIэпыкъунущ, зыкъыпщIагъэкъуэнущ. Нэжгужэу къыпхущытщ, гуэвэгъуэ къызыхукъуэкIами гуфIэгъуэ зиIэми кIэлъокIуэ. Англием щыпсэухэр апхуэдэкъым. Уи Iыхьлы дыдэм я деж узэрыкIуэнум теухуа къыбар нэхъапэIуэкIэ йомыгъэщIамэ я унэм ущIамыгъэхьэнкIи хъунущ, ауэ испанхэм сыт щыгъуи гуапэу урагъэблэгъэнущ, я стIолри къыпхуаузэдынущ. Англием Iэнэм къытрагъэувэн хуей хабзэм щыщIрагъэгъуркъым. Инджылызхэм, зыгуэрым и Iыхьлы лIамэ, ахъшэ иратынурэ щIрагъэлъэхьэнущ, лэжьапIэ кIуэни абы щхьэкIэ къамыгъанэу. ЛэжьакIуэшхуэхэщ, гуащIэдэкIым пщIэ хуащIри IэнатIэм къыпхубгъэдэкIынукъым. АтIэми апхуэдэ гуэзвэгъуэ уиIэу лэжьапIэ укIуэныр емыкIущ.

**- Жаклин, Къэбэрдей-Балъкъэрыр уигу ирихьрэ? Налшык фыкъыщыкIуэжкIэ зэманыр дауэ щывгъакIуэрэ?**

- Налшык илъэсым зэ е тIэу дыкъокIуэжри, мазищкIэ дыщыIэщ. Благъэхэм, ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм даIуоцIэ, республикэм щекIуэкI зэхыхьэхэм, щэнхабзэ зэхыхьэхэм дызэрыхэтыным дыхуопсэу. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыуэпсыр, ХьэтIохъущыкъуей жыг хадэр, дыкъэкIуэжмэ дыщыдгъэпсэху Шэджэм псыкъелъэхэр, Гуэл щхъуантIэхэр, Iуащхьэмахуэ лъапэ гур хэзыгъахуэщ. Дунейм псом и щIыпIэ куэдым сыщыIащ, ауэ Налшык къалэм и дахагъэр сфIэтелъыджэщ. Кавказыр сэркIэ гугъэпсэхущ.

*Епсэлъар*
**ТЕКIУЖЬ Заретэщ.**

«Адыгэ псалъэм» и редакцэм къеблэгъащ. *2006 гъэ*

Мадрид щекIуэкI еплъыныгъэм къырихьэлIа хьэщIэ гуп. *2016 гъэ*

Пщащэ-сурэтыщIым йохъуэхъу. *Налшык, 2019 гъэ*

• ЩIыуэпс

# Нобэ Хыхэм я дунейпсо махуэщ

**И къежьэкIэ хъуам и гугъу тщIынщи, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным егъэщIылIа пщэрылъхэр зыхуэдэм теухуауэ 1992 гъэм Рио-де-Жанейрэ (Бразилие) щекIуэкIа къэрал зэхуаку конференцым къыщыхалъхьауэ щытащ илъэс къэс мэкъуауэгъуэм и 8-р Хыхэм я дунейпсо махуэу къызэдалъытэныр. А жэрдэмыр даIыгъащ адрей къэралхэми. ИкIи, Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и Ассамблее Нэхъыщхьэу 2008 гъэм екIуэкIам къыщащта унафэм ипкъ иткIэ, абы иужь ита илъэсым къыщыщIэдзауэ, зи гугъу тщIы махуэм гулъытэ хэха щыхуащIу щIадзащ ди планетэм и щIыпIэ куэдым. Апхуэдэ щIыкIэм тету IэмалыфIи къыкъуэкIащ хыхэм яхуэсакъын, ахэр хъумэн зэрыхуейр иджыри зэ цIыхухэм ягу къэгъэкIыжынымкIэ.**

ЩIЫУЭПСЫР зэпIэзэрыт щытыкIэм иту къызэтегъэнэнымкIэ хыхэм ягъэзащIэ мыхьэнэр ин дыдэщ. Къэдгъэлъэгъуэнщи, абыхэм япсхэращ хьэуам хэзэрыхьа фIейр (углекислэ газыр, заводхэм къадэхуэ гъуэзыр, нэгъуэщIхэри) куэду зыщIэзышэр, мыдрейуи, цIыху мелардищым хуэдизым я гъащIэр къанэ щIагъуэ щымыIэу хым къыхахым (бдзэжьейхэм, къэкIыгъэхэм, псырыкIуэ псэущхьэхэм) елъытащ.

Пэжщ, цIыхум хы щхьэфэм щригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм кIуэ пэтми зэрызаубгъум, зэрызаужьым я зэранкIэ, бдзэжьей лIэужьыгъуэ куэдым кIуэдыжыпэнкIэ шынагъуэ къахукъуэкIащ, я бжыгъэм зэрыкIэрыхум къыхэкIыу. Псори зэхэту къэдгъэлъэгъуэнщи, дунейпсо хым и процент 40-м нэблагъэм зэран яхуэхъуакIэщ цIыхухэр. Ауэ щыхъукIи, а Iуэхугъуэри гудзакъэ зиIэ псори зэгупсысыпхъэхэм ящыщ зыуэ къыкъуэкIащ.

Дызэрыщыгъуазэщи, ди планетэм тет хышхуэхэр 4 мэхъу. Абыхэм я зэхэлъыкIэр зыхуэдэм, я зыхъуэжыкIэм набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ океанологхэри, нэгъуэщI IэщIагъэлIхэри. ГъэщIэгъуэныр араща, еджагъэшхуэхэм нобэ хышхуэхэм къыщахутэ, къыщагъуэт иджыри къыздэсым зыщымыгъуазэу къекIуэкIа къэкIыгъэ лIэужьыгъуэхэмрэ псэущхьэхэмрэ. Шэч къызытедмыхьэжынур араща, ди планетэм и щIы щхьэфэм и плIанищыр щIэзызыхъума псы итыпIэ абрагъуэу телъыджащэхэр яхуэхъумапхъэщ дяпэкIи къэкIуэну ди щIэблэхэм.

Еджагъэшхуэхэм хыхэр джыным псом хуэмыдэжу къарууэшхуэ ирахьэлIэ щыхъуар иужьрей лъэхъэнэрщ. Зи гугъу тщIы псы хъумапIэ инхэм я щIэр здынэсыр, дызэрыщыгъуазэщи, иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къахутащ. Ди планетэм тет псы псоми я нэхъ куу дыдэу къыщIэкIар Хы Щэхум хэт Мариан ХытIыгу Ищхъэрэхэм япэгъунэгъу Мариан уэхырщ - зи лъащIэр, хуэегъэзыхыгъуэу, километр 11-кIэ псы щхьэфэм пыIухарщ. Езы Хы Щэхум и цIэр къызытехъуэкIари гъэщIэгъуэнщ. ЗэрытщIэщи, тхыдэм щыщ хъужа апхуэдэ фIэщыгъэ дахэкIэ абы «хуэупсар» 1519 - 1522 гъэхэм ди планетэм и хъуреягъыр хы гущIыIукIэ псом япэу къызэхэзыкIухьауэ щыта Магеллан Фернанщ, зи цIэ къитIуа хы абрагъуэм зэрытета зэман кIыхьым къриубыдэу, абы и псыр, зэгуэр нэхъ мыхъуми, къэукъубеяуэ зэримылъэгъуам къыхэкIыу.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

• Бахъсэн щIыналъэ

# Лъэпкъ проектым хеубыдэ

**ХьэтIохъущыкъуейм дэт амбулаторэр зэрагъэпэщыж.**

1936 ГЪЭМ яухуа унэр куэдыкIейрэ зэрахьащ, ялащ, арщхьэкIэ лэжьыгъэ къызэрыгуэкIкIэ Iуэхур зэхуэмыхъужу, пэш кIуэцIи щIыби фаджэщ.

«Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ проектым хиубыдэу иджыблагъэ амбулаторэм лэжьыгъэхэр щаублащ. УхуакIуэхэм унэ кIуэцIхэр къращIыкI, коммуникацэ хуэIухуэщIэхэр щIэкIэ яхъуэж.

Зеикъуэ дэт район сымаджэщым и унафэщI Бгъэжьнокъуэ Миланэ дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, илъэс 85-рэ зи ныбжь медицинэ IуэхущIапIэм кхъахэ мыхъуауэ зыри хэлъыжтэкъым, ущылэжьэнуи икъукIэ гугъу хъуат. Иджы ар зэрыщыту къагъэщIэрэщIэжынущ, амбулаторэр зыхуей - зыхуэфIхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ, къуажэдэсхэр нэгъуэщI щIыпIэ щIэкIуэн щхьэусыгъуэ ямыIэу дохутыр Iуэхутхьэбзэу зыхуей псори ягъуэтынущ.

# Псы зэфэнумкIэ къызэрагъэпэщ

**Къулъкъужын Ипщэм псы зэрыжэнухэр щIэуэ щаухуэ. «ЩIыуэпс» лъэпкъ проектымрэ «Псы къабзэ» федеральнэ проектымрэ япкъ иту яубла мы ухуэныгъэ лэжьыгъэр къырихьэлIэнущ «Стройсервис» IуэхущIапIэм. Абы трагъэкIуэдэнущ сом мелуан 17.**

ПСЫ ЗРИКIУЭ бжьамийуэ км 5,5 - рэ якъуэдиинущ, ягъэувынущ псыр зэрагъэкъабзэри. Къапщтэмэ, иджыпсту псы зэфэнумкIэ гугъу йохь унагъуэ 240-м нэблагъэ. Ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр баддзуэгъуэ мазэм ирихьэлIэу зэфIагъэкIыну я мурадщ. «ЩIыуэпс» лъэпкъ проектым хиубыдэу, мыпхуэдэ ухуэныгъэхэр щокIуэкI Къыщпэк, Бахъсэнёнкэ жылагъуэхэми.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● Хъыбар гуапэ

# Адыгэ кхъужьыр зэрапхъуэ

**Сочэ къалэм ресторану дэтыр къызэхэпкIухьрэ, япщэфI шхыныгъуэхэм ущыщIэупщIэмэ, «щIыналъэм щызекIуэ зи чэзу защIэхэм» зэрытрагъащIэм гу лъыптэнущ.**

ХЭТ къекIуалIэхэм нэхъ шхыныгъуэ ехьэжьа ярымыгъэшхрэ жаIэу, шхапIэхэр щызэпеуэ а зэхьэзэхуэ гуащIэм зым адрейр къыщыдигуэну зэрыпабгъэр гурыIуэгъуэщи, дэтхэнэ зыми «щIыпIэм щыбгъуэт», Iэмал имыIэуи «иджыпсту зи чэзу» ерыскъыщ къыпхуагъэлъэгъуэнур. Иужьрей илъэс зыбжанэм гу лъыптэу нэхъ зыхэзыIэтыкI шхапIэхэм апхуэдэхэм я щапхъэу адыгэ кхъужьым и цIэр къыщраIуэ. Чурчхелэм е инжирым ещхьу дамыгъэ мыхьэнэ игъуэтауэ, адыгэ кхъужьыр ресторанхэм я шхыныгъуэ къебжэкIым хэмытынкIэ Iэмал имыIэу хъуащ, ауэ щыхъукIэ мащIэщ зыщIэр а кхъужь лIэужьыгъуэр къыздикIари абы адыгэ (шэрджэс) цIэр щIепхари.

Аращи, хэзымыщIыкIхэм папщIэ, жыжьэу къыщыщIыдодзэ. Интернетым щызекIуэ фIэщыгъэхэм къарыкIыр къыджезыIэ «википедие» псалъалъэм зыхуэдгъазэмэ, Шэрджэсей (Черкесия) цIэр зезыхьэ къэралыгъуэр XIII лIэщIыгъуэм щегъэжьауэ а щIыналъэр Урыс империем къыщизэуа 1864 гъэм нэс дунейм тетащ, нэхъ иужьыIуэкIи щыIа хуэдэу къыздыхэIукI дэфтэри урохьэлIэ. Къыщазэуа зэманым Шэрджэсейр Кавказ Ищхъэрэ псор къызэщIэзыубыдэ, кавказ лъэпкъхэм я федерацэ хуэдэу щытащ, нобэ СочэкIэ дызэджэ Шачэ псыежэхым и псыхъуэм хэщIапIэ щызиIэ Шэрджэс парламентым и унафэм щIэту.

Дунейпсо хабзэм хиубыдэ къэралыгъуэ зэгъэпэщыпауэ щымытами, Европэм къикI зыплъыхьакIуэхэр куэдрэ здэкIуэ щIыналъэт Шэрджэсейр. Хамэ къэралхэм къикIыу XVIII - XIX лIэщIыгъуэхэм зэхэзекIуа европей дунеяплъэхэм зэIэпаха тхыгъэхэм балий Iэрысейкlэ, мыIэрысейкlэ, къыпцIейкlэ, жызумейкlэ бей шэрджэсхэм я хадэхэмрэ я губгъуэхэмрэ я гугъу щащI, псом хуэмыдэу кхъужьейхэр лIэужьыгъуэ куэду зэрызэщхьэщыкIри къыщыхагъэщ, ахэр Шотландием, Бельгием, Уэльсым нэхъ зыхуей хуэзауэ щызэрахьэ щIы пшэрхэм ирагъэщхьу. А тхыгъэхэм ятепщIыхьмэ, ахэр унейхадэ къудейуэ щыттэкъым, атIэ псыхъуэхэми Iуащхьэхэми уащыхуозэ абыхэм. Ар къызыхэкIар адыгэхэм хабзэ зэраIаращ: хэт гъатхэу мэзым кIуэми, пхъэщхьэмыщхьэхэкI гуэр дигъэкIэн хуейт. Псалъэм папщIэ, Агуй къуажэм щыщ гуэрым Iэгъуэблагъэм ит жыг 300 дигъэкIауэ щытащ.

1866 гъэм и гъэмахуэм, Кавказ зауэр иуха къудейуэ, Анапэрэ Гагрэрэ я зэхуаку дэлъ щIыр яджу, генерал Муравьёв-Карсский Николай къызэригъэпэща комиссэм кърихьэлIауэ щыта, напэкIуэцIи 150-рэ ирикъу кIэлъыплъыныгъэм Урысейми Европэми хадэ гъэкIынрэ щIы зехьэнкIэ IэщIагъэлIу ису хъуар къызэщIигъэхъаери, псори шэрджэс щIыналъэм зэрыхьауэ щытащ адыгэщIхэр зрагъэцIыхуну. Урым эколог цIэрыIуэ Ацци Джироламэ и тхыгъэхэм къыхощ «пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэм щызыщIашэ» щIым тету зыкъызэрыщыхъужыр. Ардыдэр жиIэу щытащ Кавказ зауэм япэу тетхыхьыжа, губгъуэр пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэм зэрауфэбгъуар къыхэзыгъэщу щыта тхыдэдж Потто Василий.

БиологиемкIэ щIэныгъэлI Тхьэгъуш Нухьу жаIэ япэ дыдэ адыгэ кхъужьым и Iуэхур зыIутыр зыджар. Абы и къэхутэныгъэхэм япкъ иткIэ, адыгэхэм кхъужь лIэужьыгъуэ зыбжанэ ягъэкIыу щытащ: «кхъужьхьэжьым» (бжьыхьэ кхъужь пкъыщIэ); «кхъужьынэ» (гъэмахуэ кхъужь хъурей); «къужьышхуэ» (гъэмахуэ кхъужь цIыкIу); «къужьтамэ» (быдэрэ IэфIу куэдрэ щылъ кхъужь). Тхьэгъушым итхыжахэм къыхощ шэрджэс адыгэ кхъужьыр метр 25-м нэс дэкIеинкIи зэрыхъур, куэди къызэрыпыкIэр: жыг къэс килограмм 1000-м нэс е нэхъыбэ къыпокI. Кхъужь хадэхэм нэхърэ нэхъ ин дуней псом темыту къэзылъытэ Жуковский Пётр зэреплъымкIэ, Кавказращ кхъужьым нэхъыфI дыдэу зыщиужьа щIыпIэр.

Кавказ зауэм адыгэ хадэхэр ирикъухьыжащ. XIX лIэщIыгъуэм лэжьа агроном комиссэхэм щIыналъэм къитIысхьахэр увыIэгъуэ ямыIэу хагъэзыхьырт адыгэхэм ядэплъейуэ хадэ зехьэкIэ зрагъэщIэну, ауэ къедэIуакъым. «Кхъужьейрэ мыIэрысейрэ щыдагъэкIа адыгэ хадэ абрагъуэхэм я нэхъыбэр Ищхъэрэ-Къухьэпlэ Кавказым ит къуажэхэр щызэтракъутэм хэкIуэдэжащ, адрейхэр щIыналъэр щаубыда япэ илъэсхэм зехьэкIэ зымыщIэхэм яIэщIэкIуэдащ», - ущрохьэлIэ мызэ-мытIэу Iуэхум щытепсэлъыхь дэфтэрхэм. Хуэгъэфэщауэ илъэси 100-м хуэдизкIэ хадэхэр щIыналъэм къитIысхьахэмрэ дуней къэхъукъащIэхэмрэ хуит хуащIри, къащыщIар нэрылъагъущ.

Дызэрыт зэманым Урыс географие зэгухьэныгъэм и фIыгъэкIэ къалэм и Iэгъуэблагъэм адыгэ кхъужь лIэужьыгъуэ 250-м нэс къыщагъуэтыжащ. Абыхэм я нэхъыбэр Аибг и хъуреягъкIэ итщ икIи ныбжькIэ илъэси 150 - 200-м нос, лIэщIыгъуищым нэблэгъэни къахокI. Адыгэ кхъужьыр къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ программэ илъэс блэкIам къащтащ. ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, Iуэхур зылъахъэр зыщ - жыгыщIэ зэрыщымыIэрщ.

Кхъужьыр жыгым къыпыпчкIэ езы жыгым зэран ухуэхъуркъым, абы къыхэкIыу, ар Сочэ дэт дэтхэнэ зы ресторан ехьэжьами «ризоттэ» гуэрым хэлъу, е хыфIыцIэ бдзэжьей гъэжьам гуэлъу ущрихьэлIэнкIи хъунущ. Зым абы варенэ къызэрымыкIуэ къыхещIыкI, адрейм и цIэр езы шхапIэм фIещ. Сытми, зэрапхъуэ, и тхыдэ хъыбарыр зэрынэщхъейр ямыщIэу.

**ДЕМЕНТЬЕВ Роман.**

*Сочэ къалэм епха «Scapp город» интернет сайтым къитхащ.*

● Атлетикэ псынщIэ

# Ласицкенерэ Акименкэрэ Токио къапоплъэ

**Урысей Федерацэм и языныкъуэ спортсменхэр 2021 гъэм екIуэкIыну лъэпкъхэм зэдай зэхьэзэхуэхэм хэтыну Атлетикэ псынщIэмкIэ дунейпсо ассоциацэм Допингым пэщIэт и комитетыр арэзы техъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуарэ зыщызыгъэсахэу Ласицкене (Кучинэ) Мариерэ Акименкэ Михаилрэ хуит ящIа цIыхуипщIым ящыщщ.**

ДИ ЛЪАХЭГЪУ спорстмен цIэрыIуэхэр лъагапIэм щхьэпырылъынымкIэ иджыпсту ЩIы хъурейм щынэхъыфI дыдэхэщ икIи зи къаруилъыгъуэхэщ. Илъэс 28-рэ зи ныбжь Ласицкене и закъуэщ щыIэр щэнейрэ дунейпсо чемпион хъуауэ. Иужьу 2019 гъэм зэхэта зэхьэзэхуэм дуней псом и вице-чемпион щыхъуащ абы нэхърэ илъэситIкIэ нэхъыщIэ Акименкэ.

Атлетикэ псынщIэмкIэ дунейпсо ассоциацэм и Советым, къищынэмыщIауэ, унафэ къищтащ ди лъахэгъухэм ядэщIыгъуу иджыри цIыхуи 8 мынэхъыбэ гъэмахуэм Токио щрагъэкIуэкIыну я мурад Олимп джэгухэм Урысейм щыщу ямыгъэкIуэну. Ласицкене Мариерэ Акименкэ Михаилрэ апхуэдэ пщIэрэ дзыхьрэ къалэжьащ хьэрэмыгъэ (допинг) зэрахьауэ зэи къазэрыпэщIэмыхуамрэ зэфIэкI лъагэ дыдэхэр зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къызэрыщагъэлъагъуэмрэ я фIыгъэкIэ. Аращи, дызыхуэкIуэ гъэмахуэм, нэгъабэ лъандэрэ дызыпэплъэ Олимпиадэр Японием и къалащхьэм щекIуэкI къудеймэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсмен цIэрыIуитI нэхъ мыхъуми абы зэрыхэтынур белджылыщ. Пэжщ, абыхэм Урысей Федерацэм и цIэкIэ зыкъагъэлъэгъуэну иджыри хуиткъым, ауэ шэч хэлъкъым дэтхэнэ зыми зэрытлъэкIкIэ дазэрыдэщIынум.

Ласицкене Марие сыт щыгъуи текIуэу щытауэ къыпщохъур. АрщхьэкIэ дяпэкIэщ и ехъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэхэр щыщыIэну хуагъэфащэр. Апхуэдэу езым къилъытэр Гъэмахуэ Олимп джэгухэм я дыщэ медалырщ. 2016 гъэм Рио-де-Жанейрэ щыIам Дунейпсо Олимп Комитетымрэ (МОК) ИААФ-мрэ (Атлетикэ псынщIэмкIэ дунейпсо федерацэ) ягъэкIуакъым, ди къэралым и допинг Iуэхухэм я гуащIэгъуэти. Токио мы гъэм щекIуэкIынум Iэмал имыIэу хыхьэну хуейщ, иджыпсту зэрыт зы къэралми имей (нейтральнэ) статусым фIэкIа имыIэми.

Дэтхэнэ зы спортсменым и дежкIи Олимп джэгухэм мыхьэнэшхуэ яIэщ. Абы щытекIуэм и пщIэр и гъащIэ псокIэ Iэта зэрыхъум къищынэмыщIауэ, и псэукIэм и зэIузэпэщынагъри куэдкIэ елъытащ. Аращи, Ласицкене Мариерэ Акименкэ Михаилрэ иджыпсту я гупсысэр нэхъыбэу, дауи, зытеухуар гъэмахуэм Японием щыIэну Олимпиадэращ. Коронавирус уз зэрыцIалэм къимыгъэдзыхэу ар щагъыIэрэ абы ягъакIуэ къудеймэ, ди лъахэгъухэм я текIуэныгъэхэмкIэ дызэрагъэгуфIэнум шэч къытетхьэркъым.

Абы щыгъуэми дунейм, псом хуэмыдэу езы Японием, къыщызэщIоплъэ гъэмахуэ Олимп джэгухэр Токио щымыгъэIэным ехьэлIа зэдауэхэр. Абы и бийхэм IэщIэдз мин 400-м щIигъу зэхуахьэсакIэщ. КъищынэмыщIауэ, щIыпIэ дохутырхэм я зэгухьэныгъэмрэ депутати 137-мрэ МОК-мрэ Японием и правительствэмрэ зыхуагъэзащ Олимпиадэр аргуэру ягъэIэпхъуэну е щамыгъыIэхэну къагъэуву. Ахэр мэшынэ коронавирус уз зэрыцIалэр нэгъуэщI къэралхэм къикIыну спортсменхэмрэ абыхэм ядэщIыгъунухэмрэ къагъэятэжыну, штамм зэмылIэужьыгъуэхэр я хэку зэщIэгъагъэм къызэдахьу. Iуэхур зэрыхъунур зэкIэ нэгъэсауэ зыми ищIэркъым, ауэ дэ нэхъыфIым дыщыгугъынщ икIи ди спортсмен цIэрыIуэхэу Ласицкене Мариерэ Акименкэ Михаилрэ я ехъулIэныгъэ инхэм дыпэплъэнщ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

● Футбол

# Яхуэфэщэн къыщыкъуэкIым...

**«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Форте» (Таганрог) - 0:1 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. Мэкъуауэгъуэм и 2-м. ЦIыхуи 160-рэ еплъащ.**

**Судьяхэр**: Холин (Мейкъуапэ), Магомедов (Мэхъэчкъалэ), Золотарёв (Брянск).

«**Спартак-Налшык**»: Къардэн, Ольмезов (КIэдыкIуей, 88), Сындыку, Шумахуэ, Мэкъуауэ, Дэхъу (Къумыкъу И., 68), Багъэтыр (Ашуев, 75), Iэпщацэ, Пащты, ХъутIэ (Апажэ, 60), Хьэшыр.

«**Форте**»: Москаленкэ, Мироник, Зензурэ, Нестеренкэ, Вяткин, Гордеочук (Ахмеджанов, 72), Гайдуков (Краснов, 90+2), Моргунов, Логуа (Юрченкэ, 63), Могилев (Водяник, 89), Малоян (Коротаев, 88).

**Топыр дигъэкIащ**: Коротаевым, 90+1 (0:1).

**Дагъуэ къыхуащIащ**: Малоян, Ольмезовым, Iэпщацэм, Логуа, Ахмеджановым.

«СПАРТАК-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэм и къулыкъум Шакъ Ашэмэз зэрыпрагъэувэрэ ди щIалэхэм ирагъэкIуэкIа зэIущIэхэр иджыри къэс мыIейуэ къехъулIат. ДжэгугъуищымтIэунейрэ щытекIуат, ещанэми къыщыхагъэщIатэкъым. Зы лъэныкъуэкIэ ар гъуэзэджэт. Абы щыгъуэми зыщыдгъэгъупщэртэкъым налшыкдэсхэм къапэщIэтахэр зэхьэзэхуэм къыщыкIэрыхухэр зэрыарар: «Интер»-р - епщыкIутхуанэт, «ТIуапсыр» - епщыкIуханэт, «Мэшыкъуэ-КМВ»-р - епщыкIутIанэт. Зэпеуэм командэ пщыкIубл фIэкIа зэрыхэмытыр къэплъытэмэ, абыхэм зэратекIуэн хуейр хьэкъыт. Апхуэдэу щыт пэтми, гупыр зэкъуэувэжыну, тегушхуэну Iэмал ягъуэтат. Арати, дызэресауэ, адэкIи фIым дыпэплъэрт.

Бэрэжьей блэкIам къытхуеблэгъа Таганрог и «Форте»-р къызэрызэрагъэпэщрэ куэд мыщIами, абы и тренер нэхъыщхьэ Гордеев Андрей гуп хъарзынэ зэкъуигъэуват. Хьэлэмэтрати, мы зэIущIэм и пэм къихуэу хьэщIэхэмрэ хэгъэрейхэмрэ турнир таблицэм ебланэ-еянэ увыпIэхэр щызэдагуэшырт, топ дагъэкIахэмрэ къыхудагъэкIахэмрэ къищынамыщIауэ адрей бжыгъэ псомкIи къэхъуэ щымыIэу зэтехуэ. ЖыпIэнурамэ, «Спартак-Налшыкымрэ» «Форте»-мрэ зэхуэфащэ дыдэ зэхьэрхуэрэгъут. Абы зыкъомкIэ IупщI къищIыпхъэт нобэрей ди командэм и зэфIэкI нэсыр.

ЗэIущIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм зэрыщекIуэкIым хэгъэрейхэм тегушхуэныгъэ нэхъ къахилъхьэрт. Аращ ахэр япэ дакъикъэхэм щыщIэдзауэ ерыщу икIи къаруушхуэкIэ ебгъэрыкIуэу щIыхуежьар. Псом хуэмыдэу гугъу зригъэхьырт иужь джэгугъуитIым плIэнейрэ къыщыхэжаныкIа Хьэшыр Алан. Ар щIэхъуэпсырт и ехъулIэныгъэхэм къыпищэну. КъикIуэт ищIэртэкъым япэ дивизионым щыджэгу Песчанокопскэм и «Чайка»-м илъэситIкIэ хэтыну Iэ тезыдзауэ къэнэжа джэгугъуэ зытIущым «Спартак-Налшыкым» къыхуэсэбэпыжыну хущIэкъу Iэпщацэ Марати.

Адрейхэри текIуэныгъэм хуэпабгъэт икIи я лъэкI къагъанэртэкъым. АрщхьэкIэ, дапхуэдизу гугъу зрагъэхьми, топыр гъуэм яхудэгъэкIыртэкъым.

Зэхьэзэхуэм и япэ къекIуэкIыгъуэм, нэгъабэ Таганрог щыIэу, бжыгъэр къызэIуамыхауэ икIи зэрытемыгъэкIуауэ лъэныкъуэхэр зэбгъэдэкIыжат. Иджыри абы Iуэхур хуэкIуауэ куэдым къащыхъуат, джэгум хухаха зэманыр и кIэм щынэблэгъам. АрщхьэкIэ Гордеевым и гъэсэнхэм зэуэзэпсу зыкъызэкъуахащ икIи, апхуэдиз къару къыздрахыжар къыпхуэмыщIэну, «Спартак-Налшыкым» лъэщу къебгъэрыкIуэ хъуащ, Iэмал имыIэу текIуэн хуейуэ къапэщылъым хуэдэу. Ди гъуащхьэтет Къардэн Имран зэм гупыр кърмгъэлащ, пэгъунэгъу дыдэу къызэуа топым кърмгъэгъазэри. КъыкIэлъыкIуа удыным абыи зыри хуэщIэжакъым - 0:1.

Iуэхур ягъэзэкIуэжыну ди щIалэхэм зэмани къаруи яIэжтэкъым.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ Шакъ Ашэмэз и унафэм щIэту «Спартак-Налшыкыр» япэу къыхагъэщIащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, хуэфэщэн хьэрхуэрэгъу къызэрыпэщIэхуэу, ар икIуэтащ. Апхуэдэу зэрымыщIэкIэ къащыщIами, къэхъуам дерс гуэрхэр къыхахынуми мы зэхьэзэхуэм щыщу къэнэжа джэгугъуитIым къагъэлъэгъунщ. Япэм Мейкъуапэ щыдэджэгунущ зэпеуэм къыщыкIэрыху «Дружба»-м, етIуанэм кърмгъэблэгъэнущ пашэхэм япэмыжыжьэ Дон Iус Ростов и СКА-р.

Абы щыгъуэми IупщI хъуа хуэдэщ «Спартак-Налшыкыр» зыхэт гупым щытекIуэу япэ дивизионым кIуэну хуитыныгъэ къэзыхьынур хэтми. Бэлыхь гуэр къэмыхъумэ, бжыпэр зыубыдынур Краснодар и «Кубань»-ращ. Ар абы къехъулIауэ убж хъунущ, блэкIа джэгугъуэм зэрыхэмытам хуэдэу: и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэ «Кубань-Холдинг»-р и стадионым къыщыхагъэщIащ. Къэнэжа джэгугъуитIым зэ фIэкIа щытемыкIуэми, краснодардэсхэм япэ увыпIэр я Iэрылъхьэщ. Я хьэрхуэрэгъухэр зэпеуэм къыщыкIэрыху дыдэхэм ящыщ «Интер»-мрэ «ТIуапсымрэ» зэрыарар къэплъытэмэ, бэнэныгъэм кIэ игъуэтащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ бэрэжьей кIуам зэхэта зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Мэхъэчкъалэ**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Интер**» (Черкесск) - **3**:**1**, «**ЕсэнтIыгу**» (ЕсэнтIыгу) - «**Легион Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - **0**:**1**, «**Анжи**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - **1**:**0**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **3**:**1**, «**Кубань-Холдинг**» (Павловскэ) - «**Краснодар-3**» (Краснодар) - **1**:**2**, «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - «**ТIуапсы**» (ТIуапсы) - **6**:**0**, «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **5**:**0**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» мэкъуауэгъуэм и 9-м Адыгейм и къалащхьэм щригъэкIуэкIынущ. А махуэм ди щIалэхэр япэщIэтынущ щIыпIэ «Дружба»-м.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым 2020 - 2021 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **1.** | «**Кубань**» | **30** | **24** | **2** | **4** | **74-21** | **74** |
| **2.** | «Кубань-Холдинг» | 31 | 23 | **5** | 3 | 61-23 | 74 |
| **3.** | «Черноморец» | 30 | 20 | 6 | 4 | 52-16 | 66 |
| 4. | «Легион Динамо» | 30 | 16 | 13 | 1 | 55-17 | 61 |
| 5. | СКА | 30 | 18 | 4 | 8 | 66-29 | 58 |
| 6. | «Анжи» | 30 | 13 | 9 | 8 | 54-41 | 48 |
| 7. | «Форте» | 30 | 12 | 8 | 10 | 51-30 | 44 |
| 8. | «Динамо-Ставрополь» | 30 | 13 | 5 | 12 | 47-42 | 44 |
| 9. | «Мэхъэчкъалэ» | 30 | 12 | 7 | 11 | 45-42 | 43 |
| **10.** | «**Спартак-Налшык**» | **30** | **11** | **8** | **11** | **41-35** | **41** |
| 11. | «Биолог-Новокубанск» | 30 | 10 | 3 | 17 | 53-52 | 33 |
| 12. | «Мэшыкъуэ-КМВ» | 30 | 9 | 6 | 15 | 38-51 | 33 |
| 13. | «Краснодар-3» | 30 | 9 | 6 | 15 | 36-52 | 33 |
| 14. | «Дружба» | 30 | 6 | 4 | 20 | 25-74 | 22 |
| 15. | «Интер» | 31 | 4 | 6 | 21 | 28-82 | 18 |
| 16. | «ТIуапсы» | 30 | 4 | 2 | 24 | 36-105 | 14 |
| **17.** | «**ЕсэнтIыгу**» | **30** | **3** | **4** | **23** | **25-75** | **13** |

● Щэнхабзэ

# ПащIэм и музейм

**Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей - Балъкъэр къэрал университетым и Социальнэ - гуманитар институтым и егъэджакIуэхэм зрагъэлъэгъуащ ПащIэ Бэчмырзэ и музейуэ Нартан дэтыр.**

ХЬЭЩIЭХЭР гуапэу иригъэблэгъащ усакIуэ щэджащэм и къуэрылъхум и щхьэгъусэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, КъБР-м и Лъэпкъ музейм и къудамэу щыт мы IэнатIэм и унафэщI ПащIэ Еленэ. Абы хьэщIэхэр куэдым хигъэгъуэзащ икIи яхъумэ хьэпшып къэс гупсэхуу яхутепсэлъыхьащ.

Музейм зэ нэхъ мыхъуми щыIахэм фIыуэ ящIэ, экспонатхэр куэд мыхъу пэтми, дэтхэнэми тхыдэ гъуэгуанэ кIыхь къызэрызэринэкIар. Абыхэм ящыщщ Бэчмырзэ и пхъум и IэкIэ хуищIауэ щыта тетIысхьэпIэ цIыкIур, пхъэм къыхэщIыкIа пхъуантэшхуэр. КъызэраIуэтэжымкIэ, абы усакIуэм и Iэрытххэр щихъумэу щытащ, нобэр къыздэсми и теплъэр кIуэдакъым. Музейм и пэшым щахъумэ ПащIэ Бэчмырзэ и гъащIэ гъуэгуанэмрэ и IэдакъэщIэкIхэмрэ ятеухуауэ ди республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ лъэхъэнэ зэмылIэужьыгъуэхэм къытехуауэ щыта тхыгъэ куэд.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

**Джэрмэншык дэт щэнхабзэмкIэ унэр щIадзауэ зэрагъэпэщыж. Илъэс 50 и пэкIэ яухуа мы IуэхущIапIэр куэд щIауэ къахуэгъэсэбэпыжтэкъым, псори жыы зэрыхъуам къыхэкIыу.**

УНАЩХЬЭР, бжэщхьэгъубжэхэр къанэ щымыIэу зэрахъуэкIынущ, пэш кIуэцIхэмрэ унэ щIыбымрэ зэрахьэнущ, щIэуэ щIашэжынущ псыр, хуабэр, уэздыгъэр.

# ЩIадзауэ зэрагъэпэщыж

«Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым ипкъ иту яубла лэжьыгъэр мы гъэм кърмубыдэу зэфIагъэкIынущ. Зыхуей хуагъазэм абы щылэжьэнущ къуажэдэс сабийхэм я нэ къызыхуикI гупжьей зэмылIэужьыгъуэхэр.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

## ГъэпцIакIуэхэр къыщIагъэщ

**Налшык къалэм и полицейхэм яубыдащ гъэпцIагъэ зэрахьауэ шэч зыхуащI цIыхуитI.**

МЫ ГЪЭМ накъыгъэм и 4-м илъэс 22-рэ зи ныбжь налшыкдэсым и цIыхугъэр къелъэIуащ и жып телефоныр иритыну, псынщIэу зыщIыпIэ псэлъэн папщIэ. Сом 8000 и уасэ телефоныр зыIэригъэхьэри абы зигъэбзэхащ. Налшыкдэсыр махуэ зыбжанэкIэ яужь итащ и цIыхугъэр къигъуэтыну, щымыхъум, накъыгъэм и 7-м Налшык къалэ УМВД-м и плъыр частым зыхуигъэзащ.

Къалэ управленэм и полицэ къудамэ №1-м уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм накъыгъэм и 20-м яубыдащ шэч зыхуащIыр. Нэхъапэми суд зытращIыхьа, илъэс 30 зи ныбжь, Дзэлыкъуэ къуажэм щыпсэум зиумысыжащ, жиIащ телефоныр ищэну зэригугъар, ауэ зэрыхунэмысар.

Абы теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и Уголовнэ кодексым и 159-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. А махуэ дыдэм хабзэхъумэхэм яубыдащ гъэпцIагъэ Iуэхукlэ шэч зыхуащI, Хьэсэней щыщ щIалэщIэр. Налшык къалэм щыIэ УМВД-м накъыгъэм и 16-м зыхуигъэзат лъакъуэрыгъажэкIэ къэзыжыхьынухэм къыщрат пунктым и лэжьакIуэ цIыхубзым. Абы зэрыжиIамкIэ, а махуэм, сыхьэт 18-м ирихьэлIэу цIыхухъум къырижыхьыну къиштат лъакъуэрыгъажэр, и паспортыр къигъанэри. ЩызэгурыIуа пIалъэм ар къритыжакъым. Абы кърикIуащ хэщIыныгъэу сом 7000.

Полицэм и лэжьакIуэхэм наIуэ къащIащ лъакъуэрыгъажэр хьэхуу къэзыщтам зэрызэгурыIам тету иритыжын мурад зэриIар. АрщхьэкIэ и къуажэгъур къелъэIуащ къригъэжыхьыну. ЦIыхухъум лъакъуэрыгъажэр къищтэри ежьэжащ. ИужькIэ къызэрыщIэщамкIэ, ар комиссэ тыкуэным сом мини 3-кIэ иритри ахъшэр къигъэсэбэпащ.

Лъакъуэрыгъажэр къытрахыжащ. Хьэсэнейдэс щIалэм теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

## Чэфу рулым дэст

2021 гъэм накъыгъэм и 23-м Урысей МВД-м Май щIыналъэм щиIэ къудамэм и Гъуэгу плъыр къулыкъум и инспекторхэм къагъэувыIащ «ВАЗ-21074» автомашинэр. Нэхъапэми суд зытращIыхьа, илъэс 20 зи ныбжь Аруан щIыналъэм щыпсэу щIалэр чэфу рулым дэст.

КъызэрыщIэкIамкIэ, ар нэхъапэми административнэ жэуапым ирашэлIат УФ-м и КоАП-м 12.26 статьям и 1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ (зэрефар медицинэ къэпщытэныгъэкIэ зэхагъэкIыну зэрахуимыдам къыхэкIыу).

Шофёрым теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ. Хабзэм ебэкъуам и автомашинэр къуэды гъэувыпIэм къыщыхутащ.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**

## Къалъыхъуэ!

Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм зэхегъэкI 2021 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м хъыбарыншэу кIуэда **Подручный Николай Иван и къуэр**, 1955 гъэм щIышылэм и 5-м къалъхуар, здэщыIэр.

**И теплъэр**: см. 165-рэ и лъагагъщ, и IэпкълъэпкъкIэ къуэгъущ, и щхьэцыр тхъуащ, кIэщIу щIэщащ.

**Гу зылъытапхъэ**: и сэмэгурабгъу дамэм цIыхубз нэкIу тещIыхьащ, и Iэ ижьым «Рая» псалъэр тетхащ.

Подручный Николай Иван и къуэм и хэщIапIэр убзыхунымкIэ сэбэп хъуну хъыбар гуэр фщIэмэ, дыныволъэIу фыкъэпсэлъэну мы телефонхэмкIэ: ***8 (86631) 7-58-02, 7-67-02, 02 е зыхуэвгъазэ полицэм и къудамэ нэхъ фпэгъунэгъум.***

***КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-IуэхущIапIэ.***

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щIыуэпсыр хъумэнымкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта IуэхугъуэхэмI я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.)*, **Елмэс ФатIимэ** *(3, 4-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1927 ● Заказ №1224